




YON GID POU FANMI SOU

Sèvis Edikasyon Espesyal Preskolé

Kontni

| | |
|----------------------------------------------------------------|---|
| Nan yon koudèy | 1 |
| Entwodiksyon | 1 |
| Apèsi | 1 |
| Opsyon pou swen ak edikasyon enklizif pou debitan | 2 |
| 3-K pou Tout Moun | 3 |
| Pre-K pou Tout Moun | 3 |
| Anviwònman | 3 |
| Aplike | 3 |
| Kalandriye pou aplike pou Opsyon enklizif nan pre-K | 4 |
| Kontak | 4 |
| Kòmansman pwosesis la | 5 |
| Fè tranzisyon apre entèkansyon depi bonè (EI) | 5 |
| Si pitit ou a deja nan yon pwogram preskolè | 5 |
| Kesyon pou poze | 6 |
| Timoun ki pa pale anglè lakay yo | 7 |
| Si pitit ou a nan yon lòt anviwònman k ap pran swen l. | 7 |
| Pwosesis edikasyon espesyal preskolè a | 8 |



Rekòmandasyon 8

| | |
|----------------------------------------------------------------------|----|
| Laj pou elijibilite | 8 |
| Kòman pou fè yon rekòmandasyon | 8 |
| Apa paran an kiyès ki ka fè yon premye rekòmandasyon? | 9 |
| <i>Kiyès ki ka fè yon demand pou yon premye rekòmandasyon?</i> | 9 |
| Pake rekòmandasyon | 10 |

Evalyasyon 11

| | |
|------------------------------------------------------------------|----|
| Pwosesis evalyasyon an | 11 |
| Kòman pou aranje yon evalyasyon | 11 |
| Bay konsantman w an tout konesans pou yo evalye pitit ou a. | 12 |
| Kisa premye evalyasyon an ap gen ladan? | 12 |
| Evalyasyon prive | 13 |
| Rezime evalyasyon | 13 |
| Pataje nouvo enfòmasyon sou elèv | 13 |

Reyinyon CPSE**14**

| | |
|--------------------------------------------------------------------|----|
| Apèsi | 14 |
| Preparasyon pou yon reyinyon CPSE | 15 |
| Patisipan nan reyinyon CPSE | 15 |
| Wòl ou nan yon reyinyon CPSE | 16 |
| Kesyon pou poze nan yon reyinyon CPSE | 16 |
| Elijiblite | 16 |
| Pwogram edikasyon endividyèl (IEP) | 18 |
| Reyinyon anyèl CPSE a ak reyinyon yo mande pou CPSE a fè | 20 |
| Reevalyasyon | 20 |

Sèvis**22**

| | |
|----------------------------------------------|----|
| Apèsi | 22 |
| Deskripsyon pwogram yo ak sèvis yo | 22 |
| Sipò ak sèvis anplis | 23 |
| Aranjman pou sèvis | 24 |

Adrès pwogram ak sèvis yo 25

| | |
|--------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|----|
| Timoun ki gen IEP yo rekòmande pou sèvis pwofesè vizitè edikasyon espesyal (SEIT) ak/oswa lòt sèvis ki ede avèk bezwen espesyal (Related Services) | 25 |
| Timoun ki gen IEP ki rekòmande pou klas espesyal oswa pou klas espesyal nan yon anviwònman entegre (SCIS) | 25 |
| Bezwen pou mouvman ak aksè limite | 25 |

Dwa paran 26

| | |
|-------------------------------------------------|----|
| Fanmi akèy (Foster Care) | 26 |
| Elèv ki abite nan lojman tanporè | 27 |
| Fen sèvis edikasyon espesyal preskolè | 27 |
| Retire konsantman an | 27 |
| Deklasifikasyon | 27 |
| Dosye | 28 |
| Dwa pou pwosedi regilye | 29 |

Tranzisyon nan Kindergarten 32**Glosè tèm yo 33****Kontak 37**

| | |
|-----------------------------------------------------|----|
| Komite edikasyon espesyal preskolè (CPSE) | 37 |
| Kontak pou Lekòl Leta Vil Nouyòk (NYCPS) | 39 |
| Resous | 39 |

Nan yon koudèy

Entwodiksyon

Gid fanmi sa a fèt pou bay oumenm —fanmi an—enfòmasyon sou kòman Lekòl Leta Vil Nouyòk (NYCPS) deside si timoun ki gen laj 3 ane rive 5 ane gen yon andikap, epi kòman NYCPS founi timoun sa yo yo jwenn ki elijib sèvis edikasyon espesyal.

Jan nou dekri l byen kout pi ba a nan rezime a epi ak plis detay atravè tout gid sa a, gid sa a pral fè w konnen:

- Kisa pou chèche konnen si w panse pitit ou a kapab bezwen sèvis edikasyon espesyal;
- Kòman pou fè yon rekòmandasyon pou yon premye evalyasyon;
- Kòman pou patisipe nan pwosesis evalyasyon an ak nan pwosesis kreyasyon Pwogram edikasyon endividyèl (Individualized Education Program, IEP);
- Kòman NYCPS pral aranje pou yo bay sèvis si yo wè pitit ou a elijib; ak
- Ki opsyon preskolè enklizif ki disponib pou timoun ki gen andikap ak sa ki pa gen andikap.

Apèsi sou lekòl la

Sèvis edikasyon espesyal preskolè yo disponib pou timoun laj 3 ane rive 5 ane ki gen andikap oswa reta nan devlopman ki afekte aprantisaj yo. Yo bay sèvis sa yo gratis pou timoun ki elijib. Pou plizyè timoun, yo ka bay timoun sa yo sèvis nan yon salklas enklizif 3-K oswa Pre-K pou Tout Moun, kote timoun ki gen andikap oswa ki pa gen andikap aprann ansanm.

Si pitit ou a parèt li gen rata nan nenpòt nan domèn sa yo, li ka elijib pou sèvis:

- Entelijans (panse ak aprann);
- Langaj ak kominikasyon (konprann ak itilize langaj);

- Adaptatif (aptitud pou ede tèt li tankou itilize twalèt, manje ak mete rad sou li);
- Sosyo-emosyonèl (konpòtman tankou antann li avèk lòt, ak eksprime santiman li); ak/oswa
- Devlopman mouvman (devlopman fizik, tankou reta oswa twoub ki gen rapò avèk vizyon, tande, ak mouvman).

Pitit ou a ka elijib tou pou sèvis si li gen yon andikap tankou otis, pwoblèm pou tande, pwoblèm zo, lòt pwoblèm sante, chòk serebral twomatik, oswa pwoblèm vizyon (ladan avèg). Gade paj 16 pou jwenn plis enfòmasyon konsènan elijiblite pou edikasyon espesyal preskolè.

Oumenm, paran an, kapab kontakte CPSE pou mande yon evalyasyon pou wè si pitit ou a elijib pou sèvis edikasyon espesyal. CPSE a responsab pou kowòdone pwosesis edikasyon espesyal pou timoun ki gen laj 3 rive 5 ane. Gen 11 CPSE nan diferan zòn Vil la k ap travay avèk fanmi nan distri kote fanmi an rete. Chak CPSE fè pati yon biwo Komite sou Edikasyon Espesyal (CSE) ki pi gwo. Gade paj 37 ak 38 pou jwenn yon kat jewografik ak enfòmasyon kontak pou CSE/CPSE.

Si yo jwenn pitit ou a elijib pou sèvis edikasyon espesyal preskolè, CPSE a pral travay avèk ou pou kreye yon Pwogram edikasyon endividyèl (Individualized Education Program, IEP). Yon IEP se yon plan ki pale sou abilite pitit ou a epi li souliye sèvis NYCPS bay gratis pou satisfè bezwen pitit ou a pou edikasyon. Pou plizyè timoun, yo ka bay sèvis yo nan yon pwogram enklizif NYCPS: Pou jwenn plis enfòmasyon sou diferan, gade paj 22. Pou jwenn plis enfòmasyon sou pwogram NYCPS, gade paj 2.

Opsyon pou swen ak edikasyon enklizif pou debitan

Lekòl Leta Vil Nouyòk (NYCPS) ofri plizyè opsyon pou swen ak edikasyon enklizif pou debitan pou fanmi timoun ki gen laj 3 ak 4 lane. Pwogram 3-K ak Pre-K pou Tout Moun gen ladan yo ni elèv ki gen andikap ni elèv ki pa gen andikap oswa elèv ki gen reta nan devlopman. Nou ankouraje fanmi ak tout timoun, ladan timoun ki gen andikap pou aplike nan pwogram 3-K oswa Pre-K pou Tout Moun.

Yo mande Komite Edikasyon espesyal preskolè (Committee on preschool Special Education, CPSE) pou rekòmande sèvis pou elèv Preskolè nan anviwònman ki gen mwens restriksyon (Least Restrictive Environment, LRE) ki apwopriye pou bezwen endividyèl pitit ou a. LRE vle di edike elèv ki gen andikap yo ansanm ak elèv ki pa gen andikap nan limit ki posib. Pou pi fò timoun, sa vle di aprann nan yon anviwònman enklizif tankou klas 3-K oswa Pre-K pou Tout Moun ki gen pwogram edikasyon espesyal oswa sèvis ki ede avèk bezwen espesyal (Related Services).

Anviwònman enklizif yo pèmèt timoun ki gen andikap ak timoun ki pa genyen aprann ansanm youn ak lòt. Enklizyon an ankouraje devlopman akademik, endepandans, ak devlopman sosyo-emosyonèl. Kèk egzanp kad enklizyon :

- Yon salklas edikasyon jeneral ki gen sèvis tankou terapi langaj oswa terapi fizik nan yon pwogram tankou 3-K pou Tout Moun;
- Yon salklas edikasyon jeneral ki gen sèvis Education Itinerant Teacher (SEIT) nan yon pwogram tankou 3-K pou Tout Moun; ak
- Yon klas espesyal nan yon anviwònman entegre (Special Class in an Integrated Setting, SCIS), ki genyen ladan l timoun ki gen andikap ak timoun ki pa genyen, ak sipò siplemantè, tankou terapi langaj oswa terapi pou rekiperasyon, nan yon pwogram tankou Pre-K pou Tout Moun.



Anviwònman enklizif yo pèmèt timoun ki gen andikap ak timoun ki pa gen andikap aprann ansanm youn ak lòt.

3-K pou Tout Moun (3-K for All)

Pwogram 3-K pou Tout Moun yo ofri bon kalite edikasyon gratis, tout jounen pou timoun ki gen laj twa zan nan Vil Nouyòk. Nan kèk distri lekòl, pwogram 3-K yo disponib pou tout fanmi. Pou jwenn yon lis distri ki ofri 3-K pou tout fanmi, ale nan www.schools.nyc.gov/enrollment/enroll-grade-by-grade/3k. Nan tout distri lekòl yo, pwogram 3-K yo disponib pou fanmi ki kalifye yo dapre revni ak bezwen yo.* Pwogram sa yo, tankou Head Start, gratis oswa a pri ba epi yo ofri swen tout ane a jiska 10 èdtan nan yon jounen; si ou kalifye epi si gen yon plas disponib, ou ka enskri pitit ou a nenpòt ki lè. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale nan www.nyc.gov/3k.

Pre-K pou Tout Moun (Pre-K for All)

Pwogram Pre-K pou Tout Moun yo ofri bon kalite edikasyon gratis, tout jounen pou timoun ki gen laj katran nan Vil Nouyòk. Kèk pwogram pre-K, ki gen ladan Head Start, disponib pou fanmi ki kalifye selon revni ak nesesite yo.* Pwogram sa yo gratis oswa bon mache epi yo ofri swen pandan tout ane a pou jiska 10 èdtan pa jou; si ou kalifye epi gen yon plas ki disponib, ou ka enskri pitit ou an nenpòt lè. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale nan www.nyc.gov/prek.

**Nòt: Pwogram Head Start ak Early Head Start NYCPS yo ka pran yon ti kantite fanmi ki pa kalifye baze sou revni yo, si yo demontre yon nesesite pou sèvis yo. Sa gen ladan fanmi ak timoun ki gen andikap ki ta ka benefisye nan yon kad Head Start oswa Early Head Start.*

Aplike

Pou timoun ale nan youn nan pwogram sa yo, ou bezwen:

- Aplike ak aplikasyon 3-K oswa Pre-K pou Tout Moun yo pandan peryòd aplikasyon anyèl ivè-prentan an nan www.MySchools.nyc;
- Ajoute non w sou lisdatant pwogram yo nan www.MySchools.nyc pandan ete-otòn lan; oswa
- Itilize enfòmasyon pou kontakte pwogram k ap patisipe yo dirèkteman pandan tout ane a, tankou 3-K Head Start ak lòt founisè ki gen jounen lekòl pwolonje/ane pwolonje nan www.MySchools.nyc.

Tanpri sonje CPSE pa fè aranjman pou plasman nan pwogram edikasyon jeneral pou debitan, tankou 3-K, oswa pre-K, konsa ou dwe aplike nan pwogram sa yo.

**Nou ankouraje fanmi ak tout timoun,
ladan timoun ki gen andikap pou aplike nan
pwogram 3-K oswa pre-K pou Tout Moun.**

Anviwònman

Yo fè pwogram Pre-K pou Tout Moun nou yo nan diferan anviwònman:

- **Lekòl Distri.** Gen kèk lekòl primè leta ki ofri pwogram 3-K ak Pre-K. Se direktè lekòl yo ki sipèvize pwogram yo.
- **Sant Pre-K.** Se estaf NYCPS k ap dirije sant Pre-K yo epi se sèlman klas ki pi piti pase kindergarten yo genyen.
- **Sant Edikasyon pou Debitan Vil Nouyòk (NYCEarly Education Centers, NYCEECs).** Gen kèk òganizasyon kominotè ki ofri pwogram 3-K ak pre-K, epi se NYCPS k ap sipòte yo.
- **Pwogram adomisil.** Gen kèk pwogram adomisil ki bay 3-K ak pre-K, epi se NYCPS k ap sipòte yo.

Kalandriye pou aplike pou Opsyon enklizyon pou preskolè

Yo aksepte aplikasyon pou 3-K ak pre-K pandan ouvèti yon pwosesis aplikasyon chak ane ki fèt ant ivè ak prentan, men ou ka mande antre nan yon lisdatant pou 3-K ak pre-K depi aplikasyon an fèmen. Pwosesis CPSE a fèt pandan tout ane a, epi nou ankouraje w aplike pou 3-K ak pre-K kèlkeswa kote ou ka ye nan pwosesis CPSE a.

Ou ka aplike pou 3-K ak pre-K pou Tout Moun

- Ke ou prevwa soumèt yon rekòmandasyon bay CPSE a oswa non;
- Si ou te deja soumèt yon rekòmandasyon bay CPSE a:

Kontak

Ou gen kesyon sou opsyon pou swen ak edikasyon pou debitan?

- Pou plis enfòmasyon sou pwogram yo ki disponib yo, ale nan:
 - Ale nan www.MySchools.nyc
- Pou jwenn sipò pou fè tranzisyon pou soti nan entèvansyon pou debitan (Early Intervention, EI) pou ale nan preskolè:
 - Voyer yon imèl nan eitopreschool@schools.nyc.gov
- Pou jwenn enfòmasyon sou anwojan ak pou jwenn èd:
 - Ale nan www.nyc.gov/3k oswa www.nyc.gov/prek
 - Voyer yon imèl nan ESenrollment@schools.nyc.gov
 - Rele nan 718-935-2009
 - Kontakte Sant Byenveni pou Fanmi (Family Welcome Center, FWC) bò lakay ou a nan www.schools.nyc.gov/enrollment/enrollment-help/family-welcome-centers

- Si ou nan pwosesis CPSE a, epitou si w ap tann evalyasyon yo konplete oswa w ap tan reyinyon CPSE a planifye; oswa
- Si pitit ou an deja gen yon Plan edikasyon endividyel (IEP), epitou si yo genyen yon IEP ki rekòmande SICIS oswa yon klas espesyal.
 - Si ou aplike, jwenn yon plas, epi ou chwazi ale nan yon pwogram 3-K oswa pre-K, epi ou gen yon IEP, CPSE a ap travay avèk ou pou rekòmande pwogram ak sèvis ki rekòmande sou IEP w la ki ka sipòte pitit ou an nan pwogram ou chwazi a. Ou ka toujou kontakte CPSE a pou diskite kijan yo ka aranje pwogram ak sèvis edikasyon espesyal nan pwogram 3-K oswa pre-K kote ou jwenn yon plas la.
 - Si ou aplike epi ou jwenn yon plas nan 3-K oswa pre-K pandan ou nan yon pwogram edikasyon espesyal diferan epi ou vle transfere nan yon pwogram 3-K oswa pre-K, CPSE a ap travay avèk ou pou rekòmande pwogram ak sèvis ki rekòmande sou IEP w la ki ka sipòte pitit ou an nan pwogram ou chwazi a. Nan nenpòt pwon, oumenm oswa anplwaye pwogram lan ka mande rankontre avèk CPSE a pou konnen si pitit ou an bezwen plis sipò pase sa pwogram lan ka bay.



Kòmansman pwosesis la

Chak timoun diferan. Gen timoun ki gen andikap ou ka wè depi yo fèt. Gen lòt timoun ki gen andikap ou ka wè pi ta oswa lè yo kòmanse ale lekòl. Li enpòtan pou sonje chak timoun aprann nan yon vitès diferan ak nan diferan fason.

Fason timoun laj 3 rive 5 ane kòmanse pwosesis edikasyon espesyal la pral depann sou si:

- Yo te idantifye andikap la avan laj 3 ane epi pitit ou ap resevwa sèvis Entèvansyon depi bonè (Early Intervention, EI);
- Timoun lan nan yon pwogram preskolè epi devlopman li montre reta an konparezon avèk timoun parèy li; oswa
- Timoun lan nan yon lòt anviwònman gadri epi ou panse li ka bezwen sèvis edikasyon espesyal.

Tranzisyon pou soti nan Early Intervention (EI)

Pwogram Entèvansyon depi bonè (Early Intervention, EI) sèvi timoun ki gen andikap oswa reta nan devlopman yo depi yo fèt jiska laj 3 ane. Se Depatman sante ak ijyèn mantal (Department of Health and Mental Hygiene, DOHMH) Vil Nouyòk ki dirije EI.

Si pitit ou a ap resevwa sèvis EI kounye a epi ou panse li ka bezwen sèvis edikasyon espesyal preskolè, ou dwe rekòmande pitit ou a bay NYCPS. Pou fè sa, ou dwe ekri yon lèt ba Komite pou edikasyon espesyal preskolè (Committee on Preschool Special Education, CPSE). Kowòdonatè sèvis EI ou genyen an kapab ede w ekri lèt la epi ou ka jwenn eksplikasyon nan paj 8.

Yo prevwa pou fini sèvis EI pitit ou a lè li vin gen laj twazan. Omwen sis mwa avan pitit ou a vin gen laj 3 ane, kowòdonatè sèvis EI pitit ou a sipoze kòmanse ede w avèk pwosesis tranzisyon an.

Si CPSE fè yon reyinyon avan pitit ou a vin gen laj 3 ane a epi li wè pitit ou a elijib pou sèvis, ou ka chwazi pou:

- Sispann sèvis EI la epi kòmanse sèvis edikasyon espesyal preskolè nan moman sa a; oswa
- Pwolonje sèvis EI pitit ou a depann sou dat nesans pitit ou a:

| Si pitit ou a fèt ant 1ye janvyè – 31 out | Si pitit ou a fèt ant 1ye septanm – 31 desanm |
|----------------------------------------------------------|----------------------------------------------------------------|
| Pitit ou a ka kontinye resevwa sèvis EI yo jiska 31 out. | Pitit ou a ka kontinye resevwa sèvis EI yo jis rive 31 desanm. |

fanmi ki soti nan EI gen opsyon tou pou aplike pou 3-K pou Tout Moun. Nou ankouraje tout fanmi pou aplike, kèlkeswa li ekijib ou pa pou sèvis edikasyon espesyal preskolè. Pou jwenn plis enfòmasyon, ou ka jwenn Gid NYCPS pou tranzisyon Entèvansyon pou debitan pou ale nan preskolè a nan <https://www.schools.nyc.gov/learning/special-education/preschool-to-age-21/moving-to-preschool>.

Si pitit ou a deja nan yon pwogram preskolè

Pou timoun ki nan yon pwogram preskolè, fanmi ak estaf pwogram preskolè a dwe chèche estrateji diferan pou yo ede yon timoun avan yo

Si w gen enkyetid sou pwogrè pitit ou a, premye bagay ou sipoze fè se pale avèk pwofesè pitit ou a(yo) pou pataje enfòmasyon epi jwenn plis enfòmasyon sou bezwen pitit ou a ak pwogrè l ap fè.

rekòmande li pou sèvis edikasyon espesyal. Ansanm, adilt kapab kolekte enfòmasyon, itilize ak suiv sipò, epi wè ki pwochen etap la pou timoun lan.

Si w gen dout sou pwogrè pitit ou a, premye bagay ou sipoze fè se pale avèk pwofesè pitit ou a(yo) pou pataje enfòmasyon epi jwenn plis enfòmasyon sou bezwen pitit ou a ak pwogrè l ap fè. Planifye yon konferans avèk pwofesè a(yo). Pou prepare pou konferans lan, ou ka fè yon lis dout ak kesyon ou genyen ou ta renmen pale sou yo. Sa gen ladan estrateji ki te anplas lakay la, nan salklas la pou ede pitit ou a. Pou

ede pwofesè pitit ou a(yo) gen plis enfòmasyon posib sou pitit ou a, li enpòtan pou:

- Pataje eksperyans edikasyon pozitif, tankou ki lè ou te wè pitit ou a fè siksè, tankou tande yon istwa avèk atansyon, pataje jwèt avèk zanmi, oswa tann tou pa li.
- Di kisa w panse sou sa pitit ou a ka fè san pwoblèm, sa ki difisil pou l fè ak sa ki enterese l.

Kesyon pou poze

Pou ede w konprann kòman ou ka ede pitit ou a grandi ak pwogrese, ou ka mande pwofesè pitit ou a(yo):

- Ki kèk nan pwen fò pitit mwen an? Ki kèk bagay ki didisil pou pitit mwen an fè nan salklas la?
- Kòman ou (oswa ou pral) sipòte pitit mwen an lè li bezwen èd?
- Eske ou gen kèk egzanp travay pitit mwen an nou ka diskite sou yo ansanm? Kòman ou konpare travay sa a avèk sa li ta sipoze konnen oswa kapab fè rive nan fen ane a?
- Èske gen pwogram oswa sèvis nan kominote a ki ka ede pitit mwen?
- Ki kèk aktivite aprantisaj matematik mwen ka fè lakay oswa nan katye a?
- Kòman pitit mwen an antann li avèk lòt timoun ak adilt nan salklas la?
- Èske pitit mwen an gen difikilte pou suiv sa yo mande l pou l fè? Kisa ou w fè pou ede pitit mwen an suiv sa yo mande l pou l fè?
- Kisa ou ka di m (kisa ou wè) osijè kòman pitit mwen an aprann ak antann li avèk lòt timoun ak adilt nan salklas la?
- Eske pitit mwen an ak aprann ak devlope nan to li ta sipoze pou laj li?

Si w kontinye gen dout sou pwogrè pitit ou a, ou ka rekòmande l bay CPSE a pou yon evalyasyon pou edikasyon espesyal. Ou ka fè yon rekòmandasyon pou evalyasyon nan nenpòt lè pandan ane a lè ou voye yon lèt rekòmandasyon bay CPSE ou a. Gade paj 8 pou wè kòman pou ekri yon lèt rekòmandasyon.

Etan paran oswa responsab pitit ou a ou konnen li pi byen. CPSE a ap travay avèk ou pou asire pitit ou a resevwa sèvis ak sipò apwopriye a.

- Pale sou nenpòt sipò ou bay lakay ou pou pitit ou a kapab kenbe konpòtman pozitif ak/oswa ankouraje aprantisaj.
- Eksplike kote ou santi pitit ou a ta bezwen sipò anplis.

Si pitit ou a nan yon pwogram 3-K oswa Pre-K pou Tout Moun, ou ka toujou kontakte CPSE a pou diskite kòman yo ka aranje sèvis edikasyon espesyal nan pwogram lan. Si yi jwenn pitit ou a elijib, CPSE a pral travay avèk ou pou rekòmande sèvis ki apwopriye ki ka sipòte pitit ou a nan pwogram ou chwazi a.



Timoun ki pale yon lang ki pa anglè lakay yo


Si se pa anglè pitit ou a pale lakay li, pwogram preskolè sipòte aprantisaj li nan salklas la lò yo sèvi avèk fòs pitit ou a genyen nan tou de lang yo. Si pwogram lan pa fin satisfè sou pwogrè pitit ou a malgre sipò yo ba li, ou ta ka konsidere rekòmande li pou wè si li bezwen edikasyon espesyal.

Si pitit ou a nan yon lòt anviwònman k ap pran swen l

Si pitit ou a nan yon lòt anviwònman k ap pran swen l—tankou yon gadri oswa se yon manm fanmi k ap okipe l—ou sipòte kolekte tout

enfòmasyon sou bezwen ak aptitud pitit ou a lakay li ak nan anviwònman kote y ap okipe l la pou ka ede CPSE a evalye ak konprann pitit ou a. Konsidere kesyon ak pwoblèm nou pale sou yo nan seksyon pi wo a. Si w panse pitit ou a ka gen yon andikap epi li bezwen sèvis edikasyon espesyal, ou ka rekòmande pitit ou a bay CPSE pou yo evalye l pou edikasyon espesyal. Ou ka fè yon rekòmandasyon pou evalyasyon nan nenpòt lè pandan ane a lè ou voye yon lèt rekòmandasyon bay CPSE ou a. Gade paj 8 pou wè kòman pou ekri yon lèt rekòmandasyon.

Pwosesis edikasyon espesyal preskolè a



1. REKÒMANDASYON

Avan yo fè yon rekòmandasyon ba Komite sou edikasyon espesyal preskolè (Committee on Preschool Special Education, CPSE) a, fanmi ak pwofesè yo ta dwe travay ansanm pou aplike divès entèvansyon devlopman ak akademik pou sipòte timoun lan. Tanpri gade paj 6 pou jwen plis enfòmasyon sou kòman ou ka travay avèk pwofesè ak poze yo kesyon avan yon rekòmandasyon.

Laj elijiblite

Timoun ka kòmanse resevwa sèvis edikasyon espesyal preskolè pandan ane lè yo vin gen laj 3 ane a. Dat egzat la depann sou dat anivèsè pitit ou a.

| Si pitit ou a fèt ant 1ye janvye – 30 jen | Si pitit ou a fèt ant 1ye jiyè – 31 desanm |
|-----------------------------------------------------------------------|--------------------------------------------------------------------------|
| Sèvis ka kòmanse nan dat 2 janvye ane timoun lan vin gen laj 3 ane a. | Sèvis yo ka kòmanse nan dat 1ye jiyè ane timoun lan vin gen laj 3 ane a. |

Timoun ka kontinye resevwa sèvis pandan tout mwa jen ane kote li vin gen laj 5 ane (oswa mwa out si yo rekòmande pou l resevwa sèvis ane pwolonje). Timoun vin elijib pou sèvis edikasyon espesyal pou timoun ki gen laj pou ale lekòl nan kòmansman ane lekòl kote yo vin gen laj 5 ane a.

Kòman pou fè yon rekòmandasyon

Si w panse pitit ou a gen pwoblèm nan devlopman li oswa si w enterese nan yon evalyasyon edikasyon espesyal preskolè, ou ka voye yon lèt nan CPSE lokal ou a. Yo rele lèt sa a yon “premye rekòmandasyon” epi fòk ou fè li alekri. Nan rekòmandasyon an, ou sipoze:

- Di w ap mande yon evalyasyon edikasyon espesyal preskolè;
- Bay tout non pitit ou a ak dat nesans li.
- Dekri tout kote espesifik kote yo panse pitit yo gen pwoblèm devlopman;
- Mete nenpòt sèvis sou lis pitit ou a te resevwa oswa ap resevwa kounye a;
- Bay tout enfòmasyon pou yo kontakte w, tankou non w, adrès ak nimewo telefòn kote CPSE a kapab kontakte w; ak
- Di nan ki lang ou prefere kominike, si se pa anglè.

Si pitit ou a ap resevwa sèvis EI kounye a, ou ka mande kowòdonatè sèvis EI la pou li ede w ekri lèt la. Gade paj 5 pou plis enfòmasyon sou fè tranzisyon soti nan EI.

kontinye nan paj ki vin apre a

Ou ka pote rekòmandasyon an ba CPSE ou a an pèsòn, voye l pa faks, oswa pa lapòs. Pou konnen ki CPSE ki kouvri adrès kay pitit ou a ak pou jwenn kòman pou kontakte biwo CPSE oua, ou ka:

- Gade enfòmasyon sou CPSE ki nan paj CPSE 37;
- Ale sou sitwèb CSE/CPSE a nan <https://www.schools.nyc.gov/special-education/help/committees-on-special-education>
- Rele 311; oswa
- Ale sou sitwèb NYCPS a pou jwenn yon lekòl nan <https://www.schools.nyc.gov/find-a-school>. Pou itilize “Find a School”; mete adrès kay ak borough pitit ou a abite. Pa mete enfòmasyon tankou nimewo apatman. Klike “Search.” Sitwèb la ap ba w lekòl ki pi pre adrès la. Distri lekòl la ap parèt. Chak CPSE kouvri plizyè distri lekòl.

Si w bezwen èd pou ekri oswa voye yon lèt rekòmandasyon, ou ka kontakte CPSE w la. Gade paj 37 pou jwenn enfòmasyon sou kòman ou ka kontakte yo 37

Apa paran an kiyès ki ka fè yon premye rekòmandasyon?

Apa paran an, yon direktè lekòl leta Lekòl Leta Vil Nouyòk (NYCPS), oswa yon administratè CPSE gen dwa fè yon rekòmandasyon tou.

Si w se yon paran foster, gade paj 26 pou plis konsèy.

Kiyès ki ka fè yon demand pou premye rekòmandasyon ?

Yo ka kòmanse pwosesis rekòmandasyon an tou si yon lòt moun fè yon demand alekri bay CPSE a pou yon premye rekòmandasyon pou edikasyon espesyal. Men moun ki ka fè yon demand pou rekòmande yon elèv pou edikasyon espesyal:

- Yon manm estaf pwofesyonèl distri lekòl kote elèv la abite a;
- Yon manm estaf pwofesyonèl lekòl leta oswa lekòl prive elèv la ye aoswa elijib pou li ale a;

- Yon doktè ki gen lisans;
- Yon ofisyè jistis; oswa
- Yon manm estaf pwofesyonèl yon ajans leta ki gen responsablite pou byennèt, sante, oswa edikasyon timoun.

Lè youn nan moun sa yo fè yon demand pou yon premye rekòmandasyon, li enpòtan demand lan:

- Bay rezon pou rekòmandasyon an epi mete ladan rezilta tès, dosye oswa rapò ki jistifye rekòmandasyon an;
- Dekri entèvansyon yo te itilize pou amelyore ranman elèv la avan demand pou rekòmandasyon an; ak
- Dekri kantite efò ki fèt pou kontakte paran an oswa patisipasyon paran an avan demand pou rekòmandasyon an;

Timoun ka kòmanse resevwa sèvis edikasyon espesyal preskolè pandan ane lè yo vin gen laj 3 ane a.

Lè CPSE a resevwa yon demand pou rekòmansyon, CPSE pral, nan espas 10 jou lekòl, swa:

- Kòmanse pwosesis rekòmansyon an epi voye yon pake rekòmansyon pou ou (gade pi ba a; oswa
- Ba ou yon kopi demand rekòmansyon an, fè w konnen dwa ou pou rekòmande pitit ou a pou yon premye evalyasyon, ak ofri w opòtinite pou rankontre avèk ou.

Pake rekòmansyon

Dèke yo fin fè premye rekòmansyon an, CPSE a ap voye yon pake rekòmansyon pou pa lapòs pou sèvis edikasyon espesyal, ki genyen:


- Yon avi ke yo te resevwa rekòmansyon an;

- Yon lis lokal ki fè evalyasyon ke NYCPS apwouve (“approved evaluation sites”);
- Yon fòm “konsantman pou premye evalyasyon”;
- Yon Fòm egzamen medikal pou adolesan ak adilt
- Enfòmasyon sou dwa w;
- Yon kopi gid fanmi sa a; ak
- Enfòmasyon sou opsyon enklizif pou preskolè.

Si w pa resevwa yon pake rekòmansyon de semèn apre ou te fin voye rekòmansyon an, ou ta sipoze rele CPSE pou jwenn èd. Dèke ou resevwa pake a, ou sipoze mete yon randevou pou evalyasyon avèk youn nan lokal ki nan pake rekòmansyon w lan yo apwouve pou fè evalyasyon.



Si w panse pitit ou a gen pwoblèm nan devlopman li oswa si w enterese nan yon evalyasyon edikasyon espesyal preskolè, ou ka voye yon lèt nan CPSE lokal ou a.



2. EVALYASYON

Pwosis evalyasyon an

Jan nou dekri l avèk plis detay pi ba a, lè w resevwa pake rekòmandasyon an, ou sipoze chwazi yon lokal evalyasyon yo apwouve nan lis yo ba ou epi kontakte ajans evalyasyon sa a. Ajans evalyasyon ou kontakte a ap:

- Planifye yon reyinyon avèk ou pou eksplike pwosis evalyasyon ak dwa w pou yon pwosedi regilye, epi jwenn konsantman w alekri pou evalye pitit ou a;
- Fè CPSE a konnen yo jwenn konsantman pou yo evalye pitit ou a;

- Mennen yon evalyasyon apwopriye; ak
 - Fini rapò rezime evalyasyon elèv preskolè a, ki fè rezime rezilta evalyasyon yo mennen yo.
- Y ap fè evalyasyon sa yo san sa pa koute anyen.

Pake rekòmandasyon w lan genyen yon lis ajans evalyasyon Eta Nouyòk apwouve pou ofri evalyasyon preskolè.

Kòman pou aranje yon evalyasyon

Pake rekòmandasyon w lan genyen yon lis ajans evalyasyon Eta Nouyòk apwouve pou ofri evalyasyon preskolè. Ou sipoze gade lis sa a epi chwazi yon ajans nan lis sa a. Pandan pifò lokal evalyasyon yo se ajans prive, Lekòl Leta Vil Nouyòk (NYCPS) genyen tou evalyatè ki nan biwo CSE a. Lè w ap chwazi kiyès ki pral evalye pitit ou a, ou sipoze mande nan ki delè yo ka mennen evalyasyon an. Enfòmasyon sa a ap pèmèt yo fè aranjman pou reyinyon CPSE a atan lè yo fin fè evalyasyon an. Dèke ou fin chwazi yon ajans, ou sipoze aranje yon randevou pi vit posib.

Pou kèk timoun li obligatwa pou fè yon evalyasyon bileng, ke yo fè nan ni Anglè ni lòt lang natifnatal oswa lang pitit ou a pale lakay li a. Yo idantifye ajans ki ofri evalyasyon bileng yo nan lis ajans ki nan pake rekòmandasyon w lan, ansanm avèk lang espesifik yo (apa anglè) ke yo ofri. Ou ka kontakte tou CPSE w la pou ede w jwenn ajans ki ka fè yon evalyasyon bileng. Pou ede ajans evalyasyon an wè si pitit ou a bezwen yon evalyasyon bileng, y ap ba pitit ou yon sondaj sou lang li pale lakay li pou yo wè nan ki lang pou yo fè evalyasyon yo.

Si w ta renmen jwenn èd pou chwazi yon lokal evalyasyon, ou ka kontakte CPSE w la. Ou ka fè aranjman ak evalyatè pou debitan NYCPS yo si w kontakte biwo CSE ki anchaj distri ou abite a. Gade paj 37 pou jwenn enfòmasyon sou kòman ou ka kontakte yo.



Bay bon jan konsantman w pou yo evalye pitit ou a

Ou dwe bay pèmasyon w alekri avan ajans la ka evalye pitit ou a. Yo rele sa “konsantman an tout konesans”. Konsantman avèk tout konesans vle di ajans la mete w okouran, nan lang ou pito pale a, tout enfòmasyon ki gen rapò avèk evalyasyon an ak dwa ou. Se oumenm ki pou vle bay konsantman an alekri a epi ou ka anile l nenpòt lè. Si oumenm, kòm yon paran, ou pa bay konsantman w pou evalyasyon, yo p ap kapab kòmanse evalyasyon pou edikasyon espesyal la, epi CPSE a ap fè w konnen yo fèmen dosye a epi yo p ap pran okenn aksyon ankò.

Lè w bay konsantman w pou evalyasyon, se pa pou sèvis edikasyon espesyal ou bay konsantman w. Ou ka fè yo evalye pitit ou a epi apre ou chwazi pou pitit ou a pa resevwa sèvis edikasyon espesyal (si li elijib).

Ou gen dwa pou fè yo fini pwosesis evalyasyon an nan nenpòt moman lè w jis ekri CPSE a epi fè yo konnen w ap anile konsantman ou te bay pou evalye pitit ou a. Dèke w chwazi pou kanpe evalyasyon an, y ap fèmen dosye CPSE pitit ou a otomatikam. Men, nenpòt lè ou deside anile yon konsantman, anilasyon sa a pa gen efè sou bagay yo te deja fè, sa vle di li pa nye yon aksyon ki te fèt avan ou te anile konsantman an.

Si w se yon paran foster, gade paj 26 pou plis konsèy.

Lè w ap bay konsantman w, sonje CPSE a dwe fè yon reyinyon CPSE nan espas 60 jou kalandriye apati dat ou siyen fòm konsantman an. Piske orè sa a pa kòmanse toutotan ou pa siyen fòm konsantman an, li enpòtan pou mete premye randevou pou evalyasyon an pi vit posib. Sa ap pèmèt asire CPSE a gen ase tan pou li aranje sèvis pou yo ka kòmanse tousuit (pa pi ta pase 30 jou lekòl apati dat reyinyon CPSE a ak nan espas 60 jou lekòl apati dat ou te siyen fòm konsantman pou evalyasyon an, oswa nan premye jou laj elijiblite pou sèvis edikasyon espesyal preskolè a).

Kisa premye evalyasyon an ap gen ladan?

Men sa k ap gen nan premye evalyasyon pitit ou a:

- Yon evalyasyon sikolojik global ki gade kisa pitit ou a konnen ak abilite entelekyèl li;
- Yon entèvyou istwa sosyal, ki pale sou antesedan istwa fanmi an ak istwa devlopman pitit ou a, souvan depi l fèt jiska moman aktyèl la;
- Yon evalyasyon fizik, ki se yon fòm egzaminasyon sante ke doktè timoun lan ranpli;



- Yon peryòd tan y ap pase pou obsève konpòtman pitit ou a nan anviwònman edikasyon oswa kote y ap gade l la; ak
- Lòt evalyasyon apwopriye si sa nesèsè pou yo wè ki faktè fizik, mantal, konpòtman ak emosyonèl ki kontribye nan andikap yo sispèk timoun lan genyen an.

Evalyasyon prive

CPSE dwe konsidere tout enfòmasyon sou pitit ou a, ladan, enfòmasyon oumenm ou bay. Pandan ajans evalyasyon ou chwazi a ap mennen tout tès ki nesèsè, ou ka bay CPSE nenpòt evalyasyon prive oumenm ou te peye pou fè. Si w gen evalyasyon prive yon doktè oswa yon evalyatè te fè epi ou ta renmen CPSE a gade, pataje yo avèk ajans evalyasyon an epi voye yo bay administratè CPSE w la. Si pitit ou a te resevwa sèvis EI, kowòdonatè sèvis EI la

sipoze sipoze, avèk pèmision w, voye evalyasyon EI yo ak dosye yo bay CPSE. Kèkfwa CPSE ap aksepte evalyasyon prive oswa evalyasyon EI resan olye pou yon ajans evalyasyon mennen nouvo evalyasyon. Kèk lòt fwa, CPSE a ka konsidere evalyasyon prive sa yo oswa evalyasyon EI sa yo men yo pap ranplase nouvo evalyasyon. Nan lòt ka, CPSE a ap konsidere nenpòt materyèl ou ba li.


Rezime evalyasyon

Lokal evalyasyon an ap pataje yon kopi rapò evalyasyon an, ladan Rapò rezime evalyasyon elèv preskoè a, avèk oumenm paran an. Y ap voye kopi tou bay administratè CPSE a.

Lè CPSE a fin resevwa kopi rapò evalyasyon an, l ap planifye yon reyinyon pou revize evalyasyon yo.

Pataje nouvo enfòmasyon sou elèv

Si nan nenpòt moman, enfòmasyon pitit ou a chanje, tankou adrès pitit ou a, non moun ki responsab li a oswa nimewo telefòn moun ki responsab li a, li enpòtan pou mete CPSE a ak pwogram preskolè a okouran. Sa ap pèmèt asire ou resevwa enfòmasyon ak sipò osijè pitit ou a.



3. REYINYON CPSE

Apèsi sou lekòl la

Depi yo fin fè premye evalyasyon pitit ou a, y ap envite w vin patisipe nan yon Reyinyon CPSE nan yon dat ak yon lè ki bon pou tout moun. Li enpòtan anpil pou oumenm, paran an, ale nan reyinyon CPSE yo pou ka pataje enfòmasyon ak ide epi travay ansanm avèk CPSE a kòm yon ekip pou pran desizyon konsènan pitit ou a.

Premye reyinyon CPSE a ap fèt nan espas 60 jou kalandriye apati dat oumenm, paran an te siyen fòm konsantman pou yo evalye pitit ou a. Ou sipoze resevwa yon envitasyon alekri pou reyinyon CPSE a omwen senk jou avan reyinyon an avèk enfòmasyon sou lè, dat ak adrès kote y ap fè reyinyon an. Si ou pa ka ale nan reyinyon an, ou sipoze kontakte CPSE a pou mande chanje dat la.

Nan yon reyinyon CPSE, ekip la ap revize rezilta evalyasyon yo, y ap pataje ak aprann plis sou timoun lan, epi y ap decide si pitit ou a elijib pou sèvis edikasyon espesyal preskolè. Gade paj 16 pou plis enfòmasyon sou kritè elijiblite.

Si yo jwenn pitit ou a elijib, CPSE a pral devlope yon Pwogram edikasyon endividyèl Individualized Education Program (IEP). Jwenn plis enfòmasyon sou IEP nan paj 18 CPSE w la ap fè aranjman pou yo bay tout sèvis ak pwogram ki nan IEP a, san ou pa peye anyen.

Lè yo fin idantifye pitit ou a kòm yon elèv preskolè ki gen yon andikap, y ap revize IEP pitit ou a omwen yon fwa pa ane nan lòt reyinyon CPSE. Yo rele sa "Revizyon anyèl." Gade paj 20 pou plis enfòmasyon sou Revizyon anyèl. Anplis, yo ka rekòmande pitit ou a pou yon reevalyasyon. Gade paj 20 pou plis enfòmasyon Reevalyasyon.



Seksyon pi ba yo bay plis detay sou preparasyon pou reyinyon CPSE.

Preparasyon pou yon reyinyon CPSE

Avan yon reyinyon CPSE, li ta bon pou pran kèk nan etap sa yo pou ka byen prepare pou patisipe yon fason efikas:

- Gade rezilta evalyasyon yo. Lokal evalyasyon yo apwouve a ap voye evalyasyon ba ou epi ou ka gade rezilta evalyasyon yo avan yon reyinyon CPSE. Konsidere ki pati nan evalyasyon an ou panse ki pi enpòtan ak ki pati ou gen kesyon sou yo.
- Kolekte enfòmasyon ak dokiman nan men moun ki konnen pitit ou a, tankou pwofesè, founisè, oswa doktè ki ka itill pou ede eksplike w bezwen pitit ou yo.
- Gade kritè elijiblite pou timoun preskolè yo w ap jwenn nan paj 16.
- Prepare pou pale sou fòs ak sou bezwen pitit ou a, ak kòman yo afekte devlopman akademik, sosyal, emosyonèl ak fizik li.
- Gade pwogram ak sèvis yo ka ofri pou timoun preskolè (paj 22).
- Reflechi sou moun ki sipoze nan reyinyon an, epi aranje pou yo ale avèk ou oswa disponib pou yo kominike nan telefòn lè reyinyon an. Si pitit ou a nan yon pwogram, asire pwofesè li a planifye pou l patisipe.
- Si se pa lang anglè ou prefere pale, mande CPSE w la pou l aranje yon entèprèt pou ou omwen 72 èdtan avan reyinyon CPSE a.

- Pandan w ap prepare pou reyinyon an, konsidere kote ou ye nan pwosesis anwolman an. Ou ka enterese aplike nan yon pwogram preskolè, tankou yon pwogram 3-K oswa Pre-K pou Tout Moun, ou ka te deja aplike oswa ou ka deja nan yonn Nan reyinyon CPSE a, ou ka pataje enfòmasyon sa yo. Kèlkeswa sityasyon anwolman w, CPSE a pral travay avèk ou pou rekòmande sèvis ki apwopriye ki ka sipòte pitit ou a nan pwogram ou chwazi a.

Patisipan nan reyinyon CPSE

Oumenm, paran an, se yon manm *enpòtan anpil* nan ekip CPSE. Pami lòt patisipan ka genyn:

- Yon pwofesè edikasyon jeneral pou premye reyinyon CPSE oswa nenpòt lè timoun lan nan oswa kapab nan edikasyon jeneral;
- Yon pwofesè/founisè edikasyon espesyal (si sa apwopriye);
- Yon reprezantan distri a (administratè CPSE);
- Lòt moun ki konnen pitit ou a oswa ki gen ekspètiz espesyal;
- Kowòdonatè sèvis entèvansyon pou debitan (Early Intervention, EI); ak
- Yon lòt manm paran, si w mande sa 72 èdtan avan reyinyon an. Yon manm paran se yon paran yon timoun ki gen yon andikap nan distri lekòl la ki patisipe nan reyinyon IEP epi ki ede paran yon timoun ki gen yon andikap yo dyagnostike oswa sispèk nan pran desizyon onivo edikasyon pou pitit li.

Nan yon reyinyon CPSE, ekip la ap revize rezilta evalyasyon yo, y ap pataje ak aprann plis sou timoun lan, epi y ap decide si pitit ou a elijib pou sèvis edikasyon espesyal preskolè.

Wòl ou nan yon reyinyon CPSE

Nan reyinyon CPSE a, ou ka patisipe nan desizyon yo pral fè osijè elijiblite pitit ou a pou sèvis ak pwogram edikasyon espesyal. Ou konnen pitit ou a pi byen epi ou ka pale osijè fòs li, sa ki enterese l ak bezwen li. Epi, kòm paran, ou ka bay panse w ak ide w sou kijan yo ka edike ak sipòte pitit ou a pi byen.

Nan yon reyinyon CPSE, ou dwe:

- Bay apèsi sou aktivite pitit ou a tankou kòmman pitit ou a aprann oswa kisa ki enterese li.
- Rapòte si pitit ou a itilize konesans l ap aprann lekòl lakay li; ak
- Si pitit ou a elijib, travay avèk rès ekip la pou devlope yon IEP.

Kesyon pou poze nan yon reyinyon CPSE

- Kisa mwen ka fè lakay mwen pou ede pitit mwen devlope ak fè pwogrè pou satisfè objektif IEP a?
- Kijan pitit mwen an aprann pi byen? Kijan pwogram preskolè a ka itilize sa pitit mwen an fè byen pandan y ap anseye li.
- Chak kilè yo kontwòle pwogrè pitit mwen an ap fè pou satisfè objektif IEP a? Ki pi bon fason pou mwen rete an kominikasyon avèk pwogram preskolè pitit mwen an pou m ka rete okouran pwogrè l ap fè sou plan akademik ak konpòtman?
- Kijan m ap fè konnen si pitit mwen an ap fè pwogrè pou satisfè objektif IEP a?
- Ki sèvis ak sipò k ap pi bon pou bezwen pitit mwen an? Kijan yo ka aranje sèvis sa yo?
- Kòmman oswa eske pwogram preskolè ka ap konsidere bezwen pitit mwen an genyen pou aprantisaj ak konpòtman?

Elijiblite

Y ap jwenn yon timoun preskolè elijib pou sèvis edikasyon espesyal si gen yon reta konsiderab lè w konpare avèk etap devlopman enpòtan yo aksepte, nan youn oswa plis domèn fonksyonman:

- Entelijans (panse ak aprann);
- Langaj ak kominikasyon (konprann ak itilize langaj);
- Adaptatif (aptitud pou ede tèt li tankou itilize twalèt, manje ak mete rad sou li);
- Sosyo-emosyonèl (konpòtman tankou antann li avèk lòt, ak ekspriye santiman l); ak/oswa
- Devlopman mouvman (devlopman fizik, tankou reta oswa twoub ki gen rapò avèk vizyon, tandè, ak mouvman).

Y ap jwenn yon timoun preskolè elijib pou sèvis edikasyon espesyal tou si li:

- Satisfè kritè youn nan andikap sa yo (w ap jwenn plis deskripsyon pi ba a):
 - Otis
 - Soud
 - Soud-avèg
 - Pwoblèm pou tandè
 - Pwoblèm òtopedik

- Lòt pwoblèm sante
- Chòk serebral twomatik
- Pwoblèm vizyon

AK

- Bezwen sèvis ak pwogram edikasyon espesyal preskolè ki apwouve.

Divèsite nan kilti ak lang pa detèmine elijiblite yon timoun pou sèvis edikasyon espesyal preskolè. CPSE ap konsidere diferans sa yo lè y ap evalye konesans ak konpòtman.

Si yon jwenn pitit ou a elijib, y ap mete andikap la sou lis nan IEP a kòm **“Elèv preskolè ki gen andikap.”**

Si CPSE a revize evalyasyon yo epi wè pitit ou a pa elijib pou sèvis edikasyon espesyal preskolè, CPSE a ap founi w enfòmasyon pou di w poukisa pitit ou a pa elijib la, epi y ap fèmen dosye a. Si w pa dakò avèk desizyon CPSE a ki di pitit ou a pa elijib pou sèvis yo, ou ka itilize Dwa ou genyen pou yon pwosesis regilye (gade paj 28) pou rezoud dezakò a.

Otis

Yon andikap onivo devlopman ki afekte kominikasyon oral ak kominikasyon ekri ak entèaksyon sosyal ke yo ka detekte anjeneral avan laj 3 ane ki fè timoun lan pa ka aprann byen. Lòt karakteristik yo asosye souvan avèk *autism* se lè timoun lan renmen fè menm aktivite yo san rete ak mouvman yo asosye avèk *autism*, lè li montre rezistans avèk chanjman anviwònman oswa nan woutin li fè



chak jou, lè li montre repons ki pa abityèl nan eksperyans ki gen rapò avèk sans li.

Soud

Yon pwoblèm pou tande ki tèlman grav ki lakoz elèv la gen pwoblèm pou analize enfòmasyon lengwistik pou tande sa y ap di l, avèk oswa san anplifikatè, ki afekte yon fason negatif pèfòmans elèv la lekòl.

Soud-avèg

Yon elèv ki gen twoub ni pou tande ni pou wè, konbinezon sityasyon ki lakòz pwoblèm serye pou kominike, ak lòt gwo bezwen onivo devlopman ak edikasyon ke yo pa ka akomode nan pwogram edikasyon espesyal ki fèt pou elèv ki gen pwoblèm pou tande oswa pou elèv ki gen pwoblèm pou wè sèlman.

Pwoblèm pou tande

Yon twoub pou tande, kit li pèmanan oswa ale vini, ki fè timoun lan pa ka travay byen lekòl men ke yo pa mete nan definisyon Moun soud nan seksyon sa a.

Defòmasyon fizik

Yon pwoblèm òtopedik grav ki anpeche elèv la aprann byen lekòl. Tèm lan gen ladan twoub ki se kòz pwoblèm konjenital (e.g., pye vire (clubfoot), absans pye oswa bra, etc.) twoub ki se rezilta maladi (egzanp: polyo, tibèkiloz nan zo) ak twoub ki se koz lòt bagay (egzanp: paralizi serebral, pye oswa bra koupe, zo kase oswa boule ki koze kontraksyon).

Lòt pwoblèm sante

Yon elèv ki manke fòs, vitalite ak vijilans, tankou lè nenpòt bagay nan anviwònman an fè kè l sote tankou yon bagay pral rive l, sa ki fè li pa pote atansyon nan anviwònman edikasyon an, ki se koz pwoblèm sante kwonik oswa grav, tankou maladi kè, tibèkiloz, fyèv rimatis, nefritis, opresyon, anemi falsifòm, emofil, malkadi, pwazon plon, loukemi, dyabèt, maladi mank atansyon oswa maladi twò aktif, oswa sendwòm Tourette, ki ka afekte ranman edikasyon elèv la yon fason negatif.



Twoub nan sèvo apre yon chòk

Yon elèv ki pran yon chòk nan sèvo apre li frape tèt li oswa pran yon kou nan tèt, oswa kondisyon medikal (egzanp konjesyon serebral (stroke), ansefalit, anevrit, ak anoksi oswa timè sèvo) ki ka koze twoub ki lakoz elèv la pa ka aprann byen lekòl. Tèm lan gan ladan chòk anndan tèt oswa deyò tèt, oswa chòk nan sèvo akòz kèk kondisyon medikal ki pwovoke twoub fèb, mwayen oswa grav nan youn oswa plizyè domèn, tankou entelijans, langaj, memwa, atansyon, rezònman, refleksyon, jijman, solisyon pwoblèm, sans, abilite pou pèsèvwa ak pou fè mouvman, konpòtman sikolojik, fonksyon fizik, tretman enfòmasyon ak pawòl. Tèm lan pa gen ladan twoub konjenital oswa ki se rezilta pwoblèm nan akouchman.

Pwoblèm vizyon

Yon twoub nan vizyon tankou avèg, ki menm avèk koreksyon, afekte elèv la ki fè li pa ka travay byen lekòl. Tèm lan gen ladan ni kondisyon pa wè byen, ni avèg.

Pwogram edikasyon endividyèl (Individualized Education Program, IEP)

Si pitit ou a satisfè kritè elijiblite yo (yo kòmanse nan paj 16), ekip la ap travay avèk ou nan yon reyinyon CPSE pou devlope yon Pwogram edikasyon endividyèl (Individualized Education Program, IEP).

IEP a dekri fò yon timoun ak bezwen li, ak kòman pou satisfè bezwen li. L ap gen ladan konesans ak abilite pitit ou a genyen kounye a, l ap etabli objektif pou edikasyon ak pou devlopman, ak mete ki ki sipò ak sèvis edikasyon espesyal ki apwopriye pou li.

IEP a ap gen seksyon sa yo:

- **Nivo pèfòmans aktyèl:** Enfòmasyon sa detaye kòman timoun la ap devlope pou kounye, kòman andikap la afekte pèfòmans li nan aktivite ki apwopriye pou laj li, ak (si sa aplikab) kòman pitit ou a ap travay lekòl. Enfòmasyon yo ka soti nan rezilta evalyasyon yo, vrè evalyasyon (tankou egzanp travay nan salklas la), obsèvasyon pitit ou a, ak enfòmasyon paran, moun k ap pran swen timoun lan, pwofesè, founisè sèvis, ak lòt estaf lekòl bay
- **Objektif anyèl yo ka mezire;** Ekip CPSE a ap kreye objektif ki fèt pou satisfè bezwen pitit ou a ak pou sipòte yon fason pou l fè pwogrè nan kourikoulòm jeneral la. Objektif yo ap fèt pou reflekte kisa yo atann pou pitit a reyalize yon fason rezonab nan peryòd yon ane lekòl. Gen dwa se objektif akademik, li gen dwa gen pou wè avèk bezwen sosyal oswa konpòtman, li gen dwa gen rapò avèk bezwen fizik, oswa lòt bezwen edikasyon. Piske pitit ou a se yon elèv preskolè, chak objektif anyèl ap gen objektif oswa pwen referans akoutèm ki se etap imedyat yo ka mezire soti nivo pèfòmans pitit ou a pou moman an pou rive nan satisfaksyon objektif anyèl li a. Oumenm, kòm paran ak manm ekip la, ou sipoze bay enfòmasyon sou pitit ou a pou ede ekip la konprann bezwen pitit ou a, epi ou sipoze patisipe yon fason aktif nan kreyasyon objektif yo.

Si pitit ou a satisfè kritè elijiblite yo (yo nan paj 16), ekip la ap travay avèk ou nan yon reyinyon CPSE pou devlope yon Pwogram edikasyon endividyèl.

- **Pwogram ak sèvis edikasyon espesyal yo rekòmande;** NYCPS ap rekòmande pwogram ak sèvis nan anviwònman ki gen mwens restriksyon (least restrictive environment, LRE) ki apwopriye pou pitit ou an. IEP a ap gen lis pwogram edikasyon espesyal la, sèvis pou ede avèk andikap la ak aparèy èd teknoloji pou yo bay pitit ou a. Seksyon sa a ap fè konnen tou si wi ou non pitit ou a elijib pou resevwa mwayen transpò ak sèvis espesyal pou yon ane lekòl pwolonje (pandan mwa jiyè ak out). Pou jwenn plis enfòmasyon sou pwogram ak sèvis, gade paj 22.
- **Akomodasyon ak modifikasyon:** Akomodasyon ak modifikasyon se tip adaptasyon yo fè nan anviwònman an, kourikoulòm nan, enstriksyon oswa evalyasyon ki pèmèt elèv ki gen andikap patisipe nan salklas sou yon baz egal avèk kamarad yo ki pa gen andikap. Pami kèk egzanp w ap jwenn repè vizyèl anplis, (graf, imaj, kodaj koulè) oswa sipò pou tranzisyon (enstriksyon ak pratik, repè vizyèl ak vèbal, òganizasyon materyè, chante).

CPSE a ap ba w yon kopi IEP pitit ou a. Y ap ba w tou yon Avi Rekòmandasyon, k ap ba w enfòmasyon alekri sou sèvis ak pwogram yo rekòmande nan IEP a.



Y ap fè IEP a yon fason pou ofri yon anviwònman ki gen mwens restriksyon (least restrictive environment, LRE) apwopriye a ki ka satisfè bezwen pitit ou a. Sa vle di pitit ou a ap resevwa pwogram ak sèvis li yo nan yon anviwònman ki gen timoun ki pa gen andikap nan dènye limit sa apwopriye a. Ekip la ap konsidere dabò si yo ka satisfè bezwen pitit ou a nan yon yon klas Edikasyon jeneral. Yo konsidere lòt anviwònman, tankou yon klas espesyal nan yon anviwònman entegre, oswa klas espesyal sèsi pitit ou a pa ta kapab fè pwogrè remakab nan yon klas Edikasyon jeneral, menm lè yo bay li sipò ak sèvis pou ede l. LRE konsidere tou entansite sipò yo bay ak sèvis pou ede avèk andikap la, ak rekòmandasyon parapwofesyonèl.

Reyinyon anyèl CPSE a ak reyinyon evalyasyon yo mande pou CPSE a fè

Pitit ou a ap resevwa sèvis edikasyon espesyal preskolè, y ap revize IEP li omwen yon fwa pa ane. Yo rele sa "Evalyasyon anyèl". Administratè CPSE w la ap kontakte w pou planifye yon reyinyon revizyon anyèl. Nan reyinyon an, ekip la ap pale sou pwogrè pitit ou a epi y ap wè si wi oswa non yo sipoze kontinye pwogram oswa sèvis pitit ou a, si yo dwe modifiye l oswa sispann li. Si CPSE a wè pitit ou a pa elijib ankò pou sèvis edikasyon espesyal, y ap "deklasifye" pitit ou a. **Tanpri gade** Deklasifikasyon nan paj 27.

Objektif revizyon anyèl la se pou:

- Revize tout aspè IEP aktyèl la pou wè ki objektif yo te atenn pandan ane lekòl aktyèl la;
- Konsidere nenpòt enfòmasyon osijè bezwen edikasyon pitit ou a; epi
- Si elèv la toujou bezwen sipò edikasyon espesyal, ekri yon nouvo IEP ki konsidere preparasyon l pou plis aksè nan LRE, epi ki dekri tout aspè pwogram lan pou ane k ap vini an.

Apa revizyon anyèl sa a, ou ka mande pou yon reyinyon CPSE anplis. Yo rele sa yon "revizyon sou demand". Ou ka mande yon reyinyon CPSE anplis si w santi pitit ou a fè pwogrè konsiderab epi kèk oswa tout sèvis edikasyon espesyal yo pa nesèsè ankò oswa yo sipoze chanje yo. Ou ka mande tou yon lòt reyinyon CPSE si w santi pitit ou a p ap fè pwogrè ase avèk sèvis l ap resevwa pou moman an. Pou mande yon lòt reyinyon CPSE, ou sipoze soumèt yon lèt bay administratè CPSE pou eksplike rezon ou mande lòt reyinyon CPSE a. Si w mande yon lòt reyinyon CPSE, ou sipoze bay CPSE a nouvo dokiman oswa lòt dokiman oswa evalyasyon prive ou ta renmen CPSE a gade nan reyinyon CPSE a.

Aprè w fin patisipe nan reyinyon CPSE anyèl la oswa sa w te mande a avèk ekip la, administratè CPSE a ap ba w IEP a epi l ap fè w konnen alekri sèvis edikasyon espesyal yo rekòmande yo.

Reevalyasyon

Aprè yo fin idantifye pitit ou a kòm yon elèv preskolè ki gen andikap, ou ka mande pou yo reevalye pitit ou a nan nenpòt moman. Yo rele sa yon "reevalyasyon". CPSE ap aranje yon reevalyasyon depi sa pa fèt plis pase yon fwa pa ane, amwenske ni oumenm, ni CPSE a dakò

LRE vle di edike elèv ki gen andikap yo ansanm ak elèv ki pa gen andikap nan limit ki posib.



alekri pou fè sa. Pou mande yon reevalyasyon, ou sipoze voye yon lèt bay administratè CPSE w la pou eksplike poukisa pitit ou a bezwen yon nouvo evalyasyon.

CPSE a ap fè aranjman tou pou yon reevalyasyon apropiye:


- Si CPSE a wè ki bezwen pitit ou a genyen, tankou bezwen edikasyon ak bezwen fonksyonèl, mande pou eevalyasyon; oswa
- Nenpòt lè CPSE a ap konsidere pou deklasifye pitit ou a. Gade paj 27 pou plis enfòmasyon sou deklasifikasyon.

Avèk patisipasyon pa w, avan yon reevalyasyon, administratè CPSE a ap revize done aktyèl osijè pitit ou a epi deside ki nouvo evalyasyon yo pral fè. Administratè CPSE a ap ba ou yon avi alekri pou evalyasyon an epi y ap mande w

konsantman w an tout konesans pou evalye pitit ou a. Dèke ou bay konsantman w pou evalye pitit ou a, w ap chwazi yon lokal evalyasyon nan lis founisè yo ba ou Depatman edikasyon eta Nouyòk apwouve a, ki pral fè evalyasyon administratè CPSE a rekòmande a.

Aprè yo fin fè reevalyasyon an, administratè CPSE a ap aranje yon reyinyon pou pale sou rezilta reevalyasyon ak pou devlope yon nouvo IEP. Aprè reyinyon reevalyasyon CPSE a, administratè CPSE a ap ba w IEP a epi l ap fè w konnen alekri sèvis edikasyon espesyal yo rekòmande yo. CPSE a ap òganize reyinyon an epi l ap fè aranjman pou pwogram ak sèvis ki nan IEP a pou yo bay yo nan espas 60 jou apati lè ou te mande pou reevalyasyon an.

Pitit ou a ap resevwa sèvis edikasyon espesyal preskolè, y ap revize IEP li omwen yon fwa pa ane. Yo rele sa “Evalyasyon anyèl”.



4. SÈVIS

Apèsi sou lekòl la

Gen divès tip edikasyon ak sèvis pou ede avèk andikap ki disponib pou ede elèv preskolè ki gen IEP. Sèvis edikasyon espesyal preskolè yo tonbe nan yon seri ki soti nan anviwònman ki gen mwens restriksyon an pou rive nan sa ki gen plis restriksyon an. Pwogram ki gen mwens

restriksyon yo pèmèt timoun yo resevwa sèvis ansanm avèk elèv ki pa gen IEP. Pwogram ki gen plis restriksyon yo disponib pou timoun ki nan bezwen plis sipò ak sèvis espesyalize.

Lekòl Leta Vil Nouyòk (NYCPS) dwe ofri sèvis yo nan LRE a. LRE vle di yon anviwònman kote yo edike elèv ki gen IEP ansanm ak elèv ki pa gen IEP nan limit ki posib. Pou li plis osijè LRE, gade kazyè nan paj 20.

| Pwogram ak Sèvis | Deskripsyon |
|-----------------------------------------------------------------------------------------------------------------|----------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|
| Sèvis ki ede avèk bezwen espesyal (Related Services) | Sèvis pou ede avèk bezwen espesyal yo gen ladan terapi fizik, terapi okipasyon, terapi pwonosyasyon/langaj, counseling, sèvis oryantasyon ak sèvis pou deplasman, sèvis pou tandè, pou odisyon, vizyon ak sèvis sante Sèvis ki pou ede avèk bezwen espesyal yo sipòte objektif akademik. |
| Sèvis pwofesè yo fè vin jwenn elèv la pou Edikasyon espesyal (Special Education Itinerant Teacher, SEIT) | Yon SEIT se yon pwofesè edikasyon espesyal ki travay anpil avèk yon elèv sou plan akademik, emosyonèl ak sosyal. Yo ka bay sèvis sa a an ti gwoup, oswa youn-a-youn nan pwogram debitan regilye pitit ou a, nan yon lòt lokal gadri ou ba yo, oswa lakay ou nan kèk sitiyaasyon. |
| Klas espesyal nan yon anviwònman entegre (Demi jounen ak tout jounen) (SCIS) | Se yon salklas kote yo edike elèv ki gen IEP ak elèv ki pa gen IEP ansanm. Yon klas SCIS gen yon pwofesè edikasyon espesyal ak yon parapwofesyonèl pou klas la. Manm estaf yo travay ansanm pandan jounen an pou adapte materyèl yo ak modifiye ansèyman pou elèv ki gen andikap, epi pou garanti tout klas la gen aksè nan kourikoulòm Edikasyon jeneral la. |
| Klas espesyal (Demi jounen ak tout jounen) | Se yon salklas ki sèvi sèlman elèv ki gen IEP ki gen bezwen yo pa ka satisfè nan anviwònman edikasyon jeneral oswa nan salklas entegre. Elèv ki nan yon klas espesyal gen menm nivo karakteristik akademik ak aprantisaj, devlopman sosyal, devlopman fizik, ak/oswa bezwen jesyon. Se yon pwofesè edikasyon espesyal ki anseye klas espesyal yo epi souvan yo gen youn oswa plis parapwofesyonèl. Gen jeneralman 6-12 elèv nan yon klas espesyal. |
| Enstriksyon nan yon enstitisyon | Enstriksyon adomisil se yon pwogram edikasyon espesyal eta a apwouve ki fèt pou yon minimòm 5 èdtan pa jou, senk jou pa semèn nan yon lokal kote timoun ap resevwa swen 24 èdtan pa jou Pwogram sa a se pou timoun ki bezwen atansyon 24/24. |

Lòt sipò ak Sèvis

Gen yon pakèt lòt sipò ak sèvis yon IEP ka gen ladan apa pwogram ki dekri pi ba yo.

Yon parapwofesyonèl se yon èd ki travay avèk yon elèv ki gen yon IEP youn-a-youn oswa nan yon ti gwoup. Parapwofesyonèl ede bezwen jesyon, tankou bezwen ki gen rapò avèk konpòtman ak sante yon elèv.

Yon aparèy Teknoloji Sipò (**Assistive Technology, AT**) se tout ekipman, pwodui oswa sistèm ke yo itilize pou ogmante, konsève oswa amelyore kapasite fonksyonman yon timoun ki gen andikap (paegzanp aparèy pou kominikasyon, *unit* FM, aksè nan konpitè). Si CPSE a wè pitit ou a bezwen aparèy èd teknoloji, y ap mete l sou lis nan IEP li a. Pou plis enfòmasyon osijè AT, ale nan <https://www.schools.nyc.gov/special-education/supports-and-services/assistive-technology>.

Sèvis bileng disponib pou kèk timoun ki pale yon lang ki pa anglè. Si yo rekòmande yon timoun pou klas espesyal, IEP a ka di yon timoun bezwen yon klas bileng. Oswa, si yo rekòmande yon timoun pou terapi diksyon (speech) IEP a ka di yon timoun bezwen resevwa terapi diksyon nan men yon founisè bileng.

Mwayen transpò kapab disponib si IEP pitit ou a rekòmande yon klas espesyal oswa klas espesyal nan yon anviwònman entegre nan yon pwogram edikasyon espesyal preskolè. Si se sa, CPSE pitit ou a ak lekòl li ap aranje pou sèvis transpò.

Si IEP pitit ou a rekòmande SEIT ak/oswa sèvis ki pou ede avèk andikap la, epi yo bay sèvis sa yo nan lekòl preskolè li, pwogram gadri li oswa lakay li, Lekòl Leta Vil Nouyòk (NYCPS) pap bay mwayen transpò. Pou jwenn plis enfòmasyon sou ranbousman sèvis preskolè, ale nan <https://www.schools.nyc.gov/special-education/supports-and-services/related-services> epi ale anba paj la.

Sipò pou konpòtman disponib pou ede timoun konpòtman yo afekte aprantisaj yo. Pa egzanp, pitit ou a kapab ap konpòte l yon fason ki poze yon risk domaj pou li oswa lòt moun. Konpòtman sa yo kapab se koz yon andikap oswa yon reta nan devlopman sosyal emosyonèl. Timoun ka resevwa sipò pou konpòtman nan IEP yo ki pèmèt yo patisipe yon fason san danje avèk efikasite nan yon anviwònman salklas.

Lè konpòtman yon timoun entèfere avèk aprantisaj li, ajans evalyasyon an sipoze mennen yon Evalyasyon konpòtman fonksyonman (Functional Behavioral Assessment, FBA) pou idantifye poukisa yon timoun ap konpòte l yon fason ak kòman konpòtman timoun lan gen rapò avèk anviwònman an. Si w gen pwoblèm avèk konpòtman pitit ou a, ou sipoze fè konnen sa nan lèt rekòmandasyon w ap voye bay CPSE (paj 8), epi, lè w rankontre avèk ajans evalyasyon an, ou sipoze mande ajans lan pou li fè yon FBA. Nan reyinyon CPSE a, ekip la ka itilize kounye a yon FBA pou kreye yon Plan entèvansyon pou konpòtman (Behavior Intervention Plan, BIP). BIP la dekri estrateji yo pral itilize pou edemoun lan ranplase move konpòtman an avèk konpòtman ki pi apwopriye.

Apa BIP a, anpil nan pwogram ak sèvis nou mansyone pi wo a, kapab konsidre pwoblèm konpòtman.

Yo rekòmande Sèvis ane lekòl pwolonje (Extended School Year Services, ESYS) yo pou kèk elèv ki bezwen sèvis pandan mwan jiyè ak out pou yo ka pa fè bak nan nivo devlopman yo. Yon timoun kapab fè “anpil bak” si li bezwen yon pakèt kantite tan nan kòmansman ane lekòl la pou li reetabli objektif IEP ak objektif timoun lan te deja metrize nan fin ane lekòl ki sot pase a. CPSE a ap rekòmande sèvis ane lekòl pwolonje nan IEP a sèlman si CPSE a wè pitit ou a kapab pèdi sa li fin metrize pandan ane lekòl regilye a si li pa resevwa sèvis sa yo. Si se ka a, CPSE a ap ajoute nan IEP a yon deklarasyon ki eksplike rezon pou

rekòmandasyon sa a. Paran dwe bay konsantman yo pou timoun ka resevwa sèvis ane lekòl pwolonje.

Aranjman pou Sèvis

Aprè CPSE a fin devlope IEP a, y ap mande oumenm, paran an, pou bay pèmasyon w alekri pou yo kòmanse sèvis yo. Yo rele sa "konsantman an tout konesans". Si oumenm paran an pa reponn demann sa a pou bay konsantmanw, oswa si w refize bay konsantman w, CPSE a p ap fè okenn aranjman pou yo bay sèvis, epi yo p ap pran okenn aksyon ankò. Si w se yon paran foster, gade paj 26 pou plis konsèy.

NYCPS responsab pou l fè aranjman pou tout pwogram ak sèvis ki nan IEP a. Sèvis sipoze kòmanse:

- Nan premye jou laj kote timoun lan vin elijib pou sèvis edikasyon espesyal preskolè a; oswa
- Pa pi ta pase 60 jou lekòl apati dat paran an siyen fòm "konsantman pou premye evalyasyon" an oswa 30 jou lekòl apati dat premye reyinyon CPSE a, nenpòt sa ki vin avan an.

Dat yo pwojete pou kòmanse sèvis yo ap nan IEP a.

Si w gen nenpòt kesyon osijè aranjman pwogram ak sèvis yo, tanpri kontakte administratè CPSE w la.



Adrès pwogram ak sèvis yo

Adrès pwogram ak sèvis baze dapre sa IEP yon timoun rekòmande ak laj li. Pou w konnen kisa IEP pitit ou a rekòmande, gade seksyon ki make “Pwogram ak sèvis edikasyon espesyal” ki nan IEP I la. Pou plizyè timoun, yo ka ofri sèvis edikasyon espesyal yo nan yon pwogram enklizif 3-K oswa Pre-K pou Tout Moun Lekòl Leta Vil Nouyòk (NYCPS).

Timoun IEP yo rekòmande pou sèvis pwofesè vizitè edikasyon espesyal (Special Education Itinerant Teacher, SEIT) ak/oswa lòt Related Services

- Si pitit ou a gen laj 3 ane, li ka resevwa sèvis nan yon pwogram edikasyon jeneral 3-K pou Tout Moun gratis, epi ou sipoze aplike atravè pwosesis admisyon NYCPS a w ap jwenn nan <https://www.schools.nyc.gov/enrollment/enroll-grade-by-grade/3k>.
- Si pitit ou a gen laj 4 ane, li ka resevwa sèvis nan yon pwogram edikasyon jeneral Pre-K pou Tout Moun gratis, epi ou sipoze aplike atravè pwosesis admisyon NYCPS a w ap jwenn nan <https://www.schools.nyc.gov/enrollment/enroll-grade-by-grade/pre-k>.
- Si pitit ou a gen laj 3 oswa 4 lane, li ka resevwa sèvis nan yon pwogram Pre-k pou debitan ki pa NYCPS oswa nan yon lòt lokal gadri oumenm paran an chwazi, dapre bezwen pitit ou a ak sa fanmi an pi pito.
- Komite pou edikasyon espesyal preskolè (Committee on Preschool Special Education, CPSE) pa fè aranjman pou plasman nan pwogram edikasyon jeneral. Si w enterese aplike nan pwogram 3-K ak pre-K NYCPS, gade paj 3.

Timoun ki gen IEP ki rekòmande yon klas espesyal oswa klas espesyal nan yon anviwònman entegre (Special Class in an Integrated Setting, SCIS)

- CPSE pral aranje pou yon plasman apwopriye nan yon pwogram edikasyon espesyal

preskolè. Pou jwenn enfòmasyon pou kontakte CSE/CPSE, gade paj 37.

- Klas sa yo disponib nan pwogram 3-K ak pre-K NYCPS, tankou nan Sant Pre-K ak nan lekòl distri yo, ansanm ak nan pwogram edikasyon espesyal ki nan kominote yo Y ap ofri tout pwogram ak sèvis yo rekòmande nan IEP pitit ou a nan plasman administratè CPSE w la aranje a.
- Si IEP pitit ou a rekòmande yon klas espesyal oswa SCIS, nou toujou ankouraje w aplike pou 3-K oswa Pre-K pou Tout Moun. Si ou aplike, jwenn yon plas, epi chwazi antre nan yon pwogram 3-K oswa pre-K, CPSE a ap travay avèk ou pou rekòmande sèvis yo rekòmande sou IEP w la ki ka sipòte pitit ou an nan pwogram ou chwazi a. Nan nenpòt pwen, oumenm oswa anplwaye pwogram lan ka mande rankontre avèk CPSE a pou konnen si pitit ou an bezwen plis sipò pase sa pwogram lan ka bay.

Bezwen pou deplasman limite ak aksè pou chèz w oulant

Lè y ap konsidere lekòl ki aksesib, yon elèv ki gen kapasite limite se yon elèv ki itilize yon aparèy pou deplasman—tankou yon chèz woulant, yon twotinèt, beki, oswa baton—pou deplase nan anviwònman, oswa nenpòt elèv ki gen difikilte pou deplase nan anviwònman lekòl la ak/oswa ki deplase pi dousman pase kamarad li, kit se akòz yon pwoblèm feblès misk, kit se akòz mank andirans, oswa se akòz yon lòt rezon.

Si yo rekòmande pitit ou pou SEIT ak/oswa sèvis pou ede avèk andikap, oumenm, paran an, sipoze kontakte pwogram lan dirèkteman pou jwenn enfòmasyon sou si lokal la gen aksè pou moun ki limite nan deplasman yo.

Si yo rekòmande pitit ou a pou yon klas espesyal oswa yon klas espesyal nan yon anviwònman entegre, CPSE a ap asire kondisyon pou aksè yo ranpli l ap aranje yon plas pou elèv la.

Dwa paran

Fwaye akèy (Foster Care)

Amwens paran ki fè yon timoun oswa paran adoptiv yon timoun pèdi dwa yo, abandone dwa yo oswa dwa yo limite pou yon rezon done, yo se sèl otorite ki ka pran desizyon pou edikasyon espesyal pitit yo. Si yon timoun nan Foster Care epi yo pa ka konnen ki kote paran ki te fè li a ye apre anpil efò, administratè CPSE a pran desizyon sou kiyès ki "paran" an. Paran foster yon timoun nan Foster care kapab jwen wòl paran lè paran ki te fè timoun lan pa gen dwa sou timoun lan ankò oswa yo rejte dwa yo, si yon jij linite dwa paran ki te fe timoun pou yo ka fè desizyon pou edikasyon, oswa si paran yo mouri. Lè yon timoun gen yon paran foster nan sityasyon sa a, yo pa bezwen asiye paran

foster a kòm paran ranplasan elèv la paske li deja satisfè definisyon "paran" pou rezon edikasyon espesyal. Si w se yon paran foster epi ou ta renmen konnen si w gen dwa pou pran desizyon sou plan edikasyon, kontakte travayè sosyal ajans foster care ki sou dosye timoun lan pou jwenn plis enfòmasyon sou kondisyon

legal ak dwa paran timoun lan. Ou ka kontakte tou Administrasyon pou sèvis timoun (Administration for Children's Services, ACS) Biwo Sipò Edikasyon ak Planifikasyon Règleman (Office of Education Support and Policy Planning) pa telefòn nan **212-453-9918**.





Elèv ki nan lojman tanporè (Students in Temporary Housing, STH)

Elèv k ap viv nan yon shelter oswa lòt sityasyon lojman tanporè gen kèk dwa, tankou aksè nan menm edikasyon piblik ak sèvis ki disponib pou elèv ki rete yon kote fiks. Manadjè rejyonal yo pou elèv ki nan lojman tanporè nan Lekòl Leta Vil Nouyòk (NYCPS) disponib pou reponn kesyon ak bay sipò sou dwa elèv ki rete nan lojman tanporè. Ou ka jwenn enfòmasyon sou fason pou kontakte manadjè rejyonal pou elèv ki nan lojman tanporè la a: <https://www.schools.nyc.gov/school-life/special-situations/students-in-temporary-housing>.

Si adrès ou oswa enfòmasyon pou yo kontakte chanje pandan ane a, tanpri fè CPSE a konnen. Pou jwenn enfòmasyon pou kontakte CSE/CPSE, gade paj 37.

Mete fen nan sèvis edikasyon espesyal preskolè

Retire konsantman an Ou ka retire konsantman w pou sèvis edikasyon espesyal preskolè nenpòt lè. Yo rele sa tou “Revokasyon konsantman.” Demann lan dwe fèt alekri epi remèt li bay CPSE a. Lè ou retire yon konsantman:

- Nan espas 10 jou kalandriye, CPSE a ap dwe voye yon avi pou ou nan lang ou vle kominike

a apati dat yo te voye avi a pou ou ki fè konnen y ap sispann tout sèvis edikasyon espesyal.

- Pitit ou a p ap resevwa sèvis edikasyon espesyal ankò. Sa gen ladan tou mwyaen transpò espesyalize, èd teknoloji ak pwogram modifikasyon.

Lè w fin retire konsantman an, ou gen dwa pou chanje lide w. Si w vle pou yo reevalye pitit ou a pou sèvis edikasyon espesyal preskolè, ou dwe ekri yon nouvo lèt rekòmandasyon ba CPSE a.

Deklasifikasyon

Li posib tou pou CPSE wè yon timoun pa elijib pou sèvis edikasyon espesyal ankò. Si se ka a, CPSE a ap “deklasifye” timoun lan. Avan CPSE a fè sa, l ap mennen yon reevalyasyon epi fè yon reyinyon CPSE pou wè si timoun lan toujou elijib pou sèvis edikasyon espesyal preskolè. Y ap pran yon desizyon pou deklasifye yon timoun lè yo wè timoun lan pa demontre reta oswa enfimite ki fè li elijib pou edikasyon espesyal preskolè. Si w pa dakò avèk yon desizyon pou mete yon fen nan sèvis pitit ou, ou ka itilize dwa ou genyen pou yon pwosedi regilye. Tanpri gade paj 29 pou plis enfòmasyon sou dwa w pou gen yon pwosesis regilye.

Dosye

Aksè nan dosye: Ajans evalyasyon an dwe ba w yon kopi tout evalyasyon oswa rapò CPSE a pral konsidere nan reyinyon pou pitit ou a. Anplis, ou gen dwa pou mande kopi nenpòt

evalyasyon oswa rapò yo ekri epi mete nan dosye pitit ou a. Ou ka fè sa lè w mande CPSE a.

Dwa pou pwosedi regilye

Patisipasyon ou nan devlopman, egzamen ak revizyon Pwogram Edikasyon Endividyèl (Individualized Education Program, IEP) pitit ou an enpòtan. Kòm paran, ou gen dwa ak responsablite pou asire ou konprann trèbyen kisa ki nan IEP pitit ou a. Si w pa dakò avèk rekdayon ki soti nan reyinyon CPSE a, ou gen dwa pou konteste desizyon osijè elijiblite pitit ou a, evalyasyon I, sèvis yo ba li ak pwogram yo mete l la.

Ou gen dwa sa yo:

- **Dwa pou gen tout enfòmasyon:** Yo dwe avize w kòm sadwa, nan lang ou pito pale oswa mòd kominikasyon ou pito a, sou dwa ou genyen nan pwosesis desizyon y ap pran pou edikasyon pitit ou. Gen kèk fwa jan yo dekri l nan Gid fanmi sa a kote y ap mande w pou bay konsantman w. Bay konsantman vle di yo ba w tout enfòmasyon nan lang ou pito pale a, sou tout enfòmasyon osijè aksyon w ap bay konsantman w pou li a, ke ou konprann epi ou dakò alekri avèk aksyon sa a, epi avi a genyen ki dosye, si se ka a, y ap divilge epi bay kiyès y ap divilge l. Dwa sa a vle di tou ou konprann yo pa ka fòse w bay konsantman w, epi ou ka anile konsantman ou bay la nenpòt lè. Tanpri konprann anilasyon konsantman w lan pa defè yon aksyon ki te fèt apre ou te fin bay konsantman w lan ak avan ou te anille l.
- **Dwa w pou patisipe:** Ou gen dwa pou patisipe nan reyinyon CPSE yo. Sa gen ladan dwa w pou mennen lòt moun ki konnen pitit ou a oswa ki gen konesans pwofesyonèl osijè reyinyon. Yo dwe fè reyinyon pou pale sou rekòmandasyon yo fè pitit ou a ansanm avèk ou nan yon lè ki bon pou noutout. Si w bezwen yon entèprèt, Lekòl Leta Vil Nouyòk (NYCPS) ap fè aranjman pou youn si w bay CPSE a konnen omwen 72 èdtan alavans.
- **Dwa pou konteste:** Ou gen dwa pou konteste desizyon CPSE a pran konsènan pitit ou a. Ou ka mande yon mediyasyon oswa yon jijman san patipri pou konteste nenpòt desizyon k ap afekte edikasyon pitit ou a oswa pou rezoud dezakò. Si w mande yon entèprèt pou patisipe nan reyinyon Medyasyon, Impartial Hearing, NYCPS ap fè aranjman pou youn. Pou plis enfòmasyon sou dwa w pou konteste, gade Dwa pou pwosedi regilye, bki kòmanse nan paj 29.
- **Dwa ou genyen pou yon lòt manm paran patisipe nan yon reyinyon CPSE (nan kèk sikonstans):** Ou gen dwa mande pou yon lòt manm paran yon timoun ki gen andikap patisipe nan reyinyon CPSE a lè w fè demann lan omwen 72 èdtan avan dat yo fikse pou reyinyon an. Gade paj 25 pou definisyon yon manm paran anplis.

Administratè CPSE a ap ba w yon kopi IEP pitit ou a apre reyinyon CPSE a. Ou ka mande tou yon kopi nan nenpòt moman.

Paran gen dwa pa dakò avèk deklarasyon ki nan dosye pitit yo, tankou sa ki nan evalyasyon yo, rapò oswa IEP a. Si se ka a, ou ka mande, alekri, pou rankontre avèk CPSE a pou pale sou pwèn ou pa dakò yo. CPSE a ka deside pou amande pòsyon dosye a paske li pa egzat, ki ka twonpe moun, oswa li vyole dwa vi prive elèv la. Y ap fè w konnen si yo fè nenpòt chanjman nan dosye pitit ou. Si CPSE a pa dakò pou retire pòsyon ou gen pwoblèm avè l la, epi ou pa satisfè avèk repons yo bay demann ou a, ou ka ekri yon lèt bay prezidan CSE a ki gen ladan:

- enfòmasyon ou panse ki pa kòrèk la, ki ka twonpe moun, oswa k ap vyole dwa prive pitit ou a;
- dosye kote ou panse ki gen enfòmasyon sa a;
- rezoni fè panse enfòmasyon an pa kòrèk la, ki ka twonpe moun, oswa k ap vyole dwa prive pitit ou a; ak
- chanjman ou pwopoze pou yo fè nan dosye a.

CPSE a ap mete lèt sa a nan dosye pitit ou a epi yo ka pran desizyon pou yo modifye pòsyon ou pa dakò avèk li oswa efase l nan dosye a si rezon an jisitifye. Ou ka ale tou an Apèl devan Sipèentandan an dapre Règleman Chanselye A-820, "Konfidansyalite ak divilgasyon dosye elèv; kenbe dosye."

Dwa pou pwosedi regilye

Si w pa dakò avèk aksyon oswa refi CPSE a pou pran aksyon nan pwoblèm sa yo, ou ka konteste aksyon oswa refi NYCPS.

Medyasyon: Pandan medyasyon, oumenm avèk yon manm CPSE a chita avèk yon twazyèm pati ki p ap fè patipri pou ede ak ankouraje oumenm ak NYCPS rive nan yon akò. Medyatè a p ap pran desizyon ni pase lòd. Okotrè. travay medyatè a se pou ede oumenm ak NYCPS rive jwenn yon solisyon agreyab. Ou fè yon demann pou medyasyon alekri bay sant medyasyon lokal ou a.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou medyasyon, tanpri gade: <https://www.schools.nyc.gov/special-education/help/resolving-issues>.





Jijman san patipri (Impartial Hearing): Kòm yon paran, ou gen dwa pou mande yon jijman san patipri (Impartial Hearing) Se yon pwosedi legal. Pandan yon jijman san patipri (Impartial Hearing) w ap parèt devan yon ofisyè Impartial Hearing (pa anplwaye NYCPS) epi w ap prezante vèsyon pa w la. Ofisyè Hearing Officer a ap tande oumenm ak reprezantan NYCPS la, l ap pran prèv nan men temwen ak dokiman, epi l ap pran yon desizyon alekri osijè kòman pou rezoud pwoblèm ou soulye a. Dèke ou mande yon jijman san patipri (Impartial Hearing) yo aplike, “pendency” (yo rele sa kèk fwa “stay-put”). Sa vle di pitit ou a ap rete nan plas kote yo mete l la pou dire nenpòt pwosesis jijman pwosedi regilye jiskaske pwoblèm lan rezoud oswa ou jwenn yon akò avèk NYCPS. Demann pou jijman san patipri yo dwe fèt alekri ba biwo pou odisyon san patipri nan:

Impartial Hearing Office
 131 Livingston Street
 Room 201
 Brooklyn, New York 11201
 Telefòn: (718) 935-3280
 Imèl: ihoquest@schools.nyc.gov

Demann ou fè pou Impartial Hearing dwe:

- Fèt alekri nan biwo Impartial Hearing;
- Gen non pitit ou a, adrès li ak nimewo ID elèv la (si pitit ou a deja gen youn);
- Gen non lekòl pitit ou a ye a (oswa espesifye pitit ou a pòkò ale lekòl);
- Dekri fè ki gen rapò avèk pwoblèm ou genyen an ak solisyon ou pwopoze a; ak
- Mete non w (paran an) ak enfòmasyon pou kontakte w, ladan imèl ou.

Yon fòm yo rekòmande pou fè demand, ou ka itilize pou mande yon jijman san patipri, ki disponib nan CPSE, Biwo jijman san patipri a, oswa sou entènèt nan <https://www.schools.nyc.gov/special-education/help/impartial-hearings>.

Pwosesis rezolisyon lè yo mande yon jijman san patipri (Impartial Hearing): Nan espas 15 jou deman ou fè pou jijman san patipri (Impartial Hearing), NYCPS ap travaay avèk ou pou rezoud pwoblèm ou dekri a nan reyinyon rezolisyon jijman san patipri (Impartial Hearing). Gen twa sitiyasyon kote yo p ap fè yon Reyinyon rezolisyon:

1. Si oumenm avèk NYCPS dakò alekri pou evite Reyinyon rezolisyon an, yo dwe fè biwo Impartial Hearing lan konnen, epi y ap planifye yon jijman san patipri nan espas 14 jou kalandriye.
2. Si w anile demand pou Impartial Hearing lan, yo p ap bezwen fè yon Reyinyon rezolisyon.
3. Si apre NYCPS fè anpil atant ke yo dokimante pou planifye yon Reyinyon rezolisyon epi ou pa patisipe oswa ou pa t ekri pou evite Reyinyon rezolisyon an, ou dwe fè Ofisye Hearing Officer konnen epi NYCPS gen dwa pou mande yo rejte demann ou an.

Aprè ofisye Impartial Hearing lan fin resevwa yon demann, l ap ba ou deskripsyon pwosesis Impartial Hearing lan. Y ap kontakte oumenm avèk NYCPS pou planifye konferans lan epi y ap fè w konnen alekri dat, lè, ak adrès kote yo planifye pou konferans hearing lan.

Pandan konferans hearing lan, oumenm ak estaf NYCPS a ap eksplike pozisyon nou epi n ap bay prèv pou sipòte pozisyon nou. Apre konferans lan, Ofisye Hearing lan ap ekri yon desizyon, epi y ap voye yon kopi desizyon an pa lapòs pou ou. Desizyon Ofisye k ap fè jijman an fèt pou baze sèlman sou prèv yo prezante l nan jijman an. Li dwe genyen rezon ak baz desizyon an. Desizyon an ap fè oumenm ak NYCPS konnen dwa nou pou nou ale ann Apèl devan

Ofisye Revizyon Eta Nouyòk. Si w pa voye yon apèl nan espas 40 jou apati dat ou resevwa desizyon an, tout bò yo ap oblije aksepte desizyon Ofisye a.

Apèl devan Ofisye Revizyon Eta a: Ou ka fè Apèl yon desizyon Ofisye hearing lan fè devan Ofisye revizyon eta Nouyòk, kòm yon lòt pa nan wout pou rezoud dezakò a. Demann pou yon apèl se yon pwosesis legal. Byenke li pa obligatwa pou gen yon avoka, pwosedi pou voye yon apèl trè espesifik epi ou dwe suiv yo egzakteman pou evite reta oswa rejè. Yo dekri pwosesis sa a nan <https://www.sro.nysed.gov/book/overview-part-279-revised-effective-january-1-2017>.





Tranzisyon pou Kindergarten

Yon objektif enpòtan pou edikasyon espesyal preskolè se pou prepare yon timoun pou antre ak reyisi nan Kindergarten. Timoun k ap antre nan Kindergarten nan mwa septan ane kaladriye a lè yo vin gen laj 5 ane. Pwosesis tranzisyon pou Kindergarten lan kòmanse ane lekòl avan an, pandan timoun lan nan preskolè.

Si pitit ou a resevwa sèvis edikasyon espesyal preskolè, w ap patisipe nan de pwosesis separe an menm tan pandan w ap prepare pou pitit ou

a antre nan Kindergarten: **aplike nan lekòl yo ak devlope yon IEP pou kindergarten.**

Pou jwenn plis enfòmasyon sou de pwosesis sa yo ak sou orè pou konnen kilè NYCPS ap òganize reyinyon enfòmasyon, ale sou <https://www.schools.nyc.gov/special-education/preschool-to-age-21/moving-to-kindergarten>.

Glosè tèm yo

Anviwònman ki gen mwens restriksyon (Least Restrictive Environment, LRE): LRE vle di anviwònman kote yo edike yon elèv ki gen andikap ansanm avèk lòt timoun ki pa gen andikap jis nan dènve limit kote sa apwopriye. Konsiderasyon pou LRE vle di ke yo mete elèv ki gen andikap nan klas espesyal, lekòl separe oswa lòt kote yo mete elèv yo retire nan anviwònman Edikasyon jeneral sèlman lè kòz oswa andikap la tèlman grav ke menm lè yo itilize èd ak sèvis anplis, yo pa ka rive satisfè fason yo vle anseye. Kidonk, anviwònman ki gen mwens restriksyon an diferan pou chak elèv.

Bezwen pou jesyon: Sa vle di kantite tan pou sipèvizyon yon adilt ak tout modifikasyon ki nesèsè nan anviwònman ki obligatwa pou satisfè bezwen yon elèv. Yo dwe fè konnen sa nan IEP a.

Deklasifikasyon: Se desizyon yon komite IEP pou detèmine ke yon elèv pa bezwen sèvis Edikasyon espesyal ankò.

Edikasyon leta gratis apwopriye (Free Appropriate Public Education, FAPE): Pwogram Edikasyon espesyal ak sèvis pou ede avèk andikap la ke yo ofri sou kont leta, sou sipèvizyon ak kontwòl piblik, epi san paran an pa peye anyen.

Entèprèt/Tradiktè: Yon moun ki pale ak/oswa ekri lang paran an pito itilize a oswa lang timoun lan pale a epi ki entèprete nan reyinyon pou paran ak/oswa tradui materyèl ki ekri pou fanmi an.

Entèvansyon bonè (Early Intervention, EI): Pwogram EI a, anba Depatman Sante ak ijyèn mantal Vil Nouyòk (Department of Health and Mental Hygiene, DOHMH), sipòte fanmi ki gen timoun ki fèk fèt rive laj twa ane ki gen andikap oswa reta nan devlopman.

Evalyasyon anyèl: Yon evalyasyon sèvis edikasyon espesyal ak pwogrè elèv ke yo fè omwen yon fwa chak ane lekòl nan yon reyinyon ekip IEP a. Pou elèv preskolè, se Komite sou edikasyon espesyal preskolè (Committee on Preschool Special Education, CPSE) ki jere pwosesis sa a.

Evalyasyon bileng: Yon evalyasyon bileng se yon evalyasyon yo fè ni nan lang anglè, ni nan lang natifnatal oswa lang timoun lan pale lakay li a.

Evalyasyon konpòtman fonksyonèl (Functional Behavioral Assessment, FBA) Yon Evalyasyon konpòtman fonksyonèl (FBA) se yon evalyasyon k ap chèche konnen rezon ki fè yon elèv gen konpòtman ki anpeche l aprann epi kòman konpòtman an gen rapò avèk anviwònman an.

Evalyasyon prive: Yon evalyasyon yon pwofesyonèl ki pa anplwaye Lekòl Leta Vil Nouyòk (NYCPS) fè, epi se fanmi an oswa asirans fanmi an ki peye pou evalyasyon sa a.

Evalyasyon yo mande: Yon reyinyon ekip la fè pou revize IEP yon timoun pou wè si IEP sa a ap kontinye satisfè bezwen timoun lan. Yon paran, yon pwofesè, oswa yon lòt manm nan estaf lekòl la ka mande revizyon sa a nenpòt lè.

Kapasite limite pou deplase: Yon elèv ki gen kapasite limite se yon elèv ki itilize yon aparèy pou deplasman—tankou yon chèz woulant, yon twotinèt, beki, oswa baton—pou deplase nan anviwònman, oswa nenpòt elèv ki gen difikilte pou deplase nan anviwònman lekòl la ak/oswa ki deplase pi dousman pase kamarad li, kit se akòz yon pwoblèm feblès misk, kit se akòz mank andirans, oswa se akòz yon lòt rezon. Elèv ki gen pwoblèm pou deplase, kit fizik oswa sansoryèl, epi fason yo konstwi bilding ka poze obstak pou yo, yo dwe ofri yo aksè nan pwogram jis nan limit lalwa egzije l la.

Komite edikasyon espesyal preskolè (Committee on preschool Special Education, CPSE): Komite pou edikasyon espesyal preskolè (Committee on Preschool Special Education, CPSE) responsab pou fè evalyasyon pou edikasyon espesyal pou timoun laj 3 rive 5 ane. CPSE sèvi fanmi nan distri kote yon fanmi abite, kèlkeswa kote timoun yo ap resevwa sèvis preskolè. Gen 11 CPSE nan diferan zòn vil la. Chak CPSE fè pati yon biwo Komite sou Edikasyon Espesyal (CSE) ki pi gwo. Gen yon prezidan k ap jere biwo CSE a, ladan CPSE a tou. Ou ka jwenn enfòmasyon pou kontakte CSE/CPSE yo nan <https://www.schools.nyc.gov/special-education/help/committees-on-special-education>.

Konsantman: Konsantman an dwe “fèt an tout konesans”, ki egzije plis pase jwenn yon siyati paran. Yo dwe pran mezi sa yo pou jwenn konsantman yon paran ki byen ranseye:

- Yo dwe byen enfòme paran an, nan lang li pito pale a oswa nan lòt mwayen kominikasyon, konsènan tout enfòmasyon ki gen pou wè avèk aktivite ki mande pou l bay konsantman. Epitou, yo dwe avize yon paran sou ki dosye pitit li y ap pibliye epi ki moun y ap bay li. Sa gen ladan bay enfòmasyon konsènan ki evalyasyon y ap fè, si genyen pou yo fè, epi kote y ap fè evalyasyon an.
- Paran an dwe konprann epi bay akò l alekri pou aktivite ki mande pou l bay konsantman an.
- Yo dwe fè l konnen ke l ap bay konsantman an si l vle, epi li gen dwa decide anile l nenpòt lè. Men, si w anile konsantman an, anilasyon sa a pa gen efè sou bagay yo te deja fè, sa vle di li pa nye yon akson ki te fèt lè w te fin bay konsantman an ak avan ou te anile konsantman an.

Lang ou pi pito a: Lang yon paran santi l pi alèz pou pale. Li ka se lang paran pale regilyèman lakay li, li ka pa sa.

Lòt paran manm: Paran yon timoun ki gen yon andikap nan distri lekòl la ki patisipe nan reyinyon epi ki ede paran yon timoun ki gen yon andikap yo dyagnostike oswa yo sispèk timoun lan genyen nan pran desizyon onivo edikasyon pou pitit li. Paran gen dwa mande patisipasyon manm paran an nan reyinyon CPSE.

Lwa sou amelyorasyon edikasyon moun ki gen andikap (Individuals with Disabilities Education Improvement Act, IDEIA): Yon lwa federal ki bay elèv ki gen andikap dwa pou resevwa Enstriksyon leta gratis apwopriye (Free Appropriate Public Education, FAPE) nan yon anvivònman ki gen mwens restriksyon depi laj twazan jis ane ki fè l 21 ane oswa lè l gradye pou l pran yon diplòm lekòl segondè.

Medyasyon: Medyasyon se yon pwosesis konfidansyèl, volontè ki pèmèt paran ak NYCPD pou yo rezoud dispit san yon Odyans pwosedi legal. Yon medyatè se yon twazyèm pati san patipri ki la pou ede pati yo eksprime pwennvi ak pozisyon yo, epi pou yo chak konprann pwennvi ak pozisyon lòt pati a genyen. Wòl medyatè a se fasilite diskisyon epi ede pati yo jwenn yon fason pou yo antann yo, yo pa la pou rekòmande yon solisyon pou pwoblèm lan ni pou dakò avèk yon pati oswa ak lòt pati a. Si pati yo rive mete yo dakò, yo dwe respekte akò sa a epi yo pa ka mande rekonsidere l.

Objektif Anyèl: Objektif yo ekri nan IEP a ki dekri sa yo atann pou pitit ou a reyalize nan domèn andikap li a nan yon peryòd ennan

Oryantasyon (Counseling): Counseling se yon sèvis ki ede elèv yo rekonèt ak chanje konpòtman ki twouble aprantisaj yo. Yo rekòmande counseling pou elèv ki gen pwoblèm sosyoemosyonèl ki gen rapò avèk aprantisaj

tankou pwoblèm pou fè entèaksyon ki apwopriye avèk adilt oswa kamarad yo, mete tèt yo aleka, konfyans nan tèt yo oswa kapasite fèb pou adapte yo avèk pwoblèm.

Parapwofesyonèl: Yon parapwofesyonèl se yon moun ki la pou ede (pa egzanp jesyon konpòtman, sèvis sante, mwayen transpò) swa tout klas la, swa yon elèv presi, oswa yon gwoup elèv.

Plan entèvansyon onivo konpòtman

(Behavior Intervention Plan, BIP): Plan entèvansyon pou konpòtman an (Behavioral Intervention Plan, BIP) se yon plan ki baze sou rezilta yon Evalyasyon konpòtman fonksyonèl (Functional Behavioral Assessment, FBA) pou konsidere yon difikilte nan konpòtman. Nan yon minimòm BIP a ap genyen deskripsyon difikilte nan konpòtman an, ipotèz global ak espesifik pou konnen pou kisa gen difikilte nan konpòtman an, estrateji entèvansyon pou adrese difikilte nan konpòtman an.

Pwogram edikasyon endividyèl

(Individualized Education Program, IEP): IEP a dokimante elijiblite pitit ou a pou sèvis edikasyon espesyal ak fòmalize plan sistèm lekòl la pou ofri pwogram ak sèvis edikasyon espesyal ki apwopriye pou bezwen inik li genyen. Li gen enfòmasyon presi sou yon timoun ak pwogram edikasyon ki fèt pou satisfè bezwen sa yo, tankou:

- Pefòmans ak/oswa devlopman aktyèl yon timoun nan lekòl ak objektif li ka reyalize yon fason rezonab nan yon ane lekòl;
- Sèvis edikasyon espesyal ak related service (tankou counseling ak langaj, terapi pou reprann okipasyon oswa terapi fizik); sipò parapwofesyonèl; teknoloji pou sipò; entèvansyon pou konpòtman, ak modifikasyon;
- Patisipasyon avèk elèv ki pa gen andikap;

■ Dat sèvis yo ap kòmanse, konbyen fwa y ap bay yo, kote y ap bay yo, ak pou konbyen tan y ap bay yo; ak

■ Mwayen pou mezire pwogrè yon timoun.

Pwogram yo rekòmande: Se pwogram ak sèvis edikasyon espesyal yo decide nan yon reyinyon CPSE pou ofri elèv.

Pwosedi legal regilye pou respekte dwa w:

Dispozisyon lalwa ki garanti ak pwoteje dwa paran, elèv ak Lekòl Leta Vil Nouyòk (NYCPS) pandan pwosesis rekòmandasyon, evalyasyon ak plasman an.

Reevalasyon: Yon reevalyasyon se yon evalyasyon yo fè pou yon elèv ki gen andikap ki deja ap resevwa sèvis edikasyon espesyal. Se paran yon elèv, pwofesè elèv la, oswa distri lekòl la ki ka ki ka mande pou yo reevalye elèv la. Yo pap fè yon lòt evalyasyon plis pase yon fwa nan yon ane amwenske lekòl la ak paran dakò pou yo fè l.

Rekòmandasyon: Yon rekòmandasyon se kòmansman pwosesis evalyasyon edikasyon espesyal la pou detèmine si elèv la gen yon andikap epi si li bezwen resevwa sèvis Edikasyon espesyal.

Sèvis ane lekòl douz mwa (yo rele l tou sèvis ane lekòl pwolonje):

Sèvis ane lekòl pwolonje yo rekòmande yo pou kèk elèv ki bezwen sèvis pandan mwan jiyè ak out pou yo ka pa fè bak nan nivo devlopman yo. Yon timoun kapab fè "anpil bak" si li bezwen yon pakèt kantite tan nan kòmansman ane lekòl la pou li reetabli objektif IEP ak objektif timoun lan te deja metrize nan fen ane lekòl ki sot pase a. CPSE a ap rekòmande sèvis ane lekòl pwolonje nan IEP a sèlman si CPSE a wè pitit ou a kapab pèdi sa li fin metrize pandan ane lekòl regilye a si li pa resevwa sèvis sa yo. Si se ka a, CPSE a ap ajoute nan IEP a yon deklarasyon ki eksplike

rezon pou rekòmasyon sa a. Paran dwe bay konsantman yo pou timoun ka resevwa sèvis ane lekòl pwolonje.

Sèvis ki ede avèk bezwen espesyal la (Related Services): Sèvis yo ka ofri elèv ki gen andikap pou ede yo ak pou pèmèt yo kapab patisipe nan pwogram lekòl yo ye a. Yo dwe rekòmande sèvis sa yo nan IEP a, epi yo ofri yo swa pou yon sèl elèv swa pou gwoup elèv ki pa dwe gen plis pase senk elèv. Sèvis ki ede avèk bezwen espesyal yo (Related Services) ka genyen: counseling, sèvis swen sante nan lekòl, sèvis edikasyon onivo kapasite pou tande, terapi pou rebran aktivite, terapi fizik, terapi pou pwononsyasyon/langaj, sèvis pou oryantasyon ak deplasman, sèvis pou edikasyon vizyon ak "lòt sèvis sipò".

Sèvis oryantasyon ak deplasman: Sèvis sa yo la pou amelyore jan yon timoun konprann konsèp espas ak anviwonman epi itilize enfòmasyon li resevwa nan wayen sans li (paegzanp son, tanperati, vibrasyon) pou jwenn, kenbe ak rebran oryantasyon ak chemen pou l suiv. Sèvis oryantasyon ak deplasman se sèvis yo bay elèv ki gen pwoblèm pou wè.

Sèvis pou elèv ki gen pwoblèm pou tande: Sèvis sa yo bay elèv ki soud oswa ki pa tande byen sipò. Se yon pwofesè sètifye pou soud ak moun ki tande di ki bay sèvis la kòm yon sipò pou elèv ki gen prèv yo soud. Akoz yo soud la sa ka afekte aksè nan edikasyon ak nan pèfòmans yo. Yo anseye elèv yo estrateji ki ranfòse devlopman langaj, konpòtman sosyal, memwa oditif pou tande ak konprann.

Sèvis edikasyon pou elèv ki gen pwoblèm pou wè: Sèvis edikasyon pou vizyon sipòte enstriksyon pou elèv ki gen pwoblèm pou wè byen. Sèvis sa yo itilize estrateji touche, vizyèl ak odyo pou ede elèv devlope kapasite akademik,

sosyal, pwofesyonèl, lavi, konesans ak kapasite pou pran enfòmasyon. Yo ka rekòmande sèvis edikasyon pou vizyon pou yon timoun ki gen pwoblèm vizyon ki mande pou l gen materyèl sipò ak/oswa metòd ki adapte pou l fonksyone nan salklas la.

Teknoloji sipò (AT): AT se zouti ki nesesè pou ede elèv jwenn avantaj nan materyèl enstriksyon yo epi kominike yon fason efikas. Yon aparèy teknolojik pou sipò se tout ekipman, pwodui oswa sistèm ke yo itilize pou ogmante, konsève oswa amelyore kapasite fonksyòman yon timoun ki gen andikap (paegzanp, slant board, aparèy pou kominikasyon, inite FM).

Terapi fizik: Terapi fizik se yon sèvis pou ede avèk bezwen espesyal la ki itilize aktivite pou yon timoun kenbe, amelyore, oswa rejwenn fonksyon li (tankou devlopman gwo misk, deplasman, ekilib ak kowòdinasyon) nan divès anviwonman (tankou, salklas, twalèt, lakou rekreyasyon, eskalye).

Terapi pou readaptasyon (Occupational Therapy, OT): Terapi pou readaptasyon se yon sèvis ki mache avèk edikasyon espesyal ki pral ede yon timoun mentni, amelyore, oswa restore kapasite pou adaptasyon and kapasite pou fonksyòman tankou kapasite pou kowòdone mouvman ak kapasite pou kominike nan tout aktivite ki gen pou wè avèk edikasyon.

Terapi pwononsyasyon/langaj: Terapi pwononsyasyon/langaj se yon sèvis pou ede andikap timoun k ap ede amelyore kòman yon timoun tande, pale, li, ak ekri nan sitiyasyon akademik ak sosyal atravè anviwonman lekòl la, avèk yon konsantrasyon pou amelyore abilite timoun lan pou l kominike.

Kontak

Komite Edikasyon espesyal preskolè (CPSE)

Komite pou edikasyon espesyal preskolè (Committee on Preschool Special Education, CPSE) responsab pou fè evalyasyon pou edikasyon espesyal pou timoun laj 3 rive 5 ane. CPSE travay avèk fanmi nan distri a kote yon fanmi abite, kèlkeswa kote timoun yo ap resevwa sèvis oswa ale nan lekòl preskolè a. Gen 11 CPSE nan diferan zòn vil la. Chak CPSE fè pati yon biwo Komite sou Edikasyon Espesyal (CSE) ki pi gwo. Gen yon prezidan k ap jere biwo a, k ap sipèvize CPSE a tou.

Ou ka jwenn enfòmasyon pou kontakte CSE/CPSE yo nan

<https://www.schools.nyc.gov/special-education/help/committees-on-special-education>.

Si w pa konnen nan ki distri ou abite, rele 311 oswa ale sou sitwèb NYCPS ki rele Find a School <https://www.schools.nyc.gov/find-a-school>. Pou itilize "Find a School," mete adrès kay ak borough pitit ou a abite. Pa mete enfòmasyon tankou nimewo apatman. Klike "Search." Sitwèb la ap ba w lekòl ki pi pre adrès la. Distri lekòl la ap parèt. Chak CPSE kouvri plizyè distri lekòl.

| CSE | Distri | Adrès | Imèl | Telefòn |
|-----|-------------------|-------------------------------------------------------------------|--------------------------------|----------------|
| 1 | 7, 9, 10 | One Fordham Plaza, 7th Floor, Bronx, NY 10458 | CPSE1support@schools.nyc.gov | (718) 326-8138 |
| 2 | 8, 11, 12 | 3450 East Tremont Avenue, 2nd Floor Bronx, NY 10465: | CPSE2support@schools.nyc.gov | (718) 472-6116 |
| 3 | 25, 26 | 30-48 Linden Place, Flushing, NY 11354 | CPSE3support@schools.nyc.gov | (718) 472-6118 |
| 3 | 28, 29 | 90-27 Sutphin Boulevard, Jamaica, NY 11435 | CPSE3support@schools.nyc.gov | (718) 472-6118 |
| 4 | 24, 30 | 28-11 Queens Plaza North, 5th Floor Long Island City, NY 11101 | CPSE4support@schools.nyc.gov | (718) 472-6120 |
| 4 | 27 | 82-01 Rockaway Boulevard, 2nd Floor Ozone Park, NY 11416 | CPSE4support@schools.nyc.gov | (718) 472-6120 |
| 5 | 19, 23, 32 | 1665 St. Marks Avenue, Brooklyn, NY 11233 | CPSE5support@schools.nyc.gov | (718) 472-6125 |
| 6 | 17, 18, 22 | 5619 Flatlands Avenue, Brooklyn, NY 11234 | CPSE6support@schools.nyc.gov | (718) 472-6128 |
| 7 | 20, 21 | 415 89th Street, Brooklyn, NY 11209 | CPSE7BKsupport@schools.nyc.gov | (718) 472-6131 |
| 8 | 13, 14, 15, 16 | 131 Livingston Street, 4th Floor Brooklyn, NY 11201 | CPSE8support@schools.nyc.gov | (718) 472-6133 |
| 9 | 1, 2, 4 | 333 7th Avenue, 4th Floor, New York, NY 10001 | CPSE9support@schools.nyc.gov | (718) 472-6136 |
| 10 | 3, 5, 6 | 388 West 125th Street, New York, NY 10027 | CPSE10support@schools.nyc.gov | (718) 472-6138 |
| 11 | 31 | 715 Ocean Terrace, Building A Staten Island, NY 10301 | CPSE7Slsupport@schools.nyc.gov | (718) 472-6139 |

Kontak pou Lekòl Leta Vil Nouyòk (NYCPS)

Toujou kontakte administratè CPSE w la avan si w gen kesyon sou sèvis edikasyon espesyal preskolè pou pitit ou a. Gade paj 37 pou enfòmasyon kontak pou CSE/CPSE. Kontak pou NYCPS sa yo disponib tou:

| Sijè | Kontak |
|-------------------------------------------------------------|----------------------------------------------|
| Edikasyon espesyal | SpecialEducation@schools.nyc.gov |
| Sèvis ki ede avèk bezwen espesyal (Related Services) | RelatedServices@schools.nyc.gov |
| Entèvansyon bonè | eitopreschool@schools.nyc.gov |
| Tranzisyon pou Kindergarten | Turning5@schools.nyc.gov |
| Enskripsyon pou 3-K ak Pre-K pou Tout Moun | (718) 935-2009 / EEnrollment@schools.nyc.gov |
| Pwogram 3-K ak Pre-K pou Tout Moun | EarlyChildhood@schools.nyc.gov |
| Liy jeneral pou Edikasyon espesyal NYCPS | (718) 935-2007 |
| Elèv ki abite nan lojman tanporè (STH) | STHinfo@schools.nyc.gov |

Resous

| Telefòn | Imèl | Sit wèb |
|---------------------------------------------------------|-----------------------------------------------------------------------------|-------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|
| Advocates for Children | | |
| 1 (866) 427-6033 | info@advocatesforchildren.org | http://www.advocatesforchildren.org/who_we_serve/early_childhood |
| INCLUDEnyc | | |
| Anglè (212) 677-4650 | info@INCLUDEnyc.org | http://www.includenyc.org/ |
| Panyòl: (212) 677-4668 | info@INCLUDEnyc.org | http://www.incluyenyc.org/ |
| Parent to Parent NY, Inc. | | |
| 1 (800) 866-1068 (718) 494-3469 | mfegeley@ptopnys.org | http://parenttoparentnys.org/offices/staten-island/ |
| Sinergia/Metropolitan Parent Center | | |
| (212) 643-2840 (866) 867-9665 | information@sinergiany.org | http://www.sinergiany.org/parents-center/parent-center |
| United We Stand of New York (Brooklyn ak Queens) | | |
| (718) 302-4313 | http://www.uwsofny.org/contact | http://www.uwsofny.org/ |

Gen plis resous ki disponib sou paj wèb edikasyon espesyal pou debitan NYCPS a nan <https://www.schools.nyc.gov/special-education/preschool-to-age-21/moving-to-preschool>.



Biwo enstriksyon espesyalize ak sipò pou elèv
52 Chambers Street
New York, New York 10007

Pou jwenn plis enfòmasyon **rele 311**
oswa ale sou <https://www.schools.nyc.gov/>